# МагIарулай

5/2019

ISSN 0132-9723

Аварский







# Кинабго лъикIаб – лъималазе…

## Нужер гIарцухъ

Дагъал церегIан къояз лъималазул лъималгун ун йикIана ралъдал рагIалдехун бугеб паркалъул лъималазулаб майданалде. Цебе гьенире жанире ине билет щуго капекалде букIана ва тIубараб къоялъ рукIинеги бегьулаан! Гьанжейин абуни бащдаб сагIат базе кьезе ккола 200 гъурущ. КIигоял лъималгун сагIат гьениб базе кьезе ккола 800 гъурущ. ТIаде заман гьениб бачIого букIиналъе хъаравуллъиги лъикI гьабула…

Нилъеца гIемераб бицуна лъималазул хIакъалъулъ, абула гьел ругин нилъер букIинисеб, нилъер анищал, гьезул цIодорлъиялъул бицун гIорцIуларо ва лъала лъимал цIодоралги лъикIалги гIезариялъе данде ккolел шартIал къваригIунеллъиги. Кинабго гьеб буго битIараб…

Амма киналго гьел руго гIицIго «ритIарал» рагIаби.

Кинал шартIалха нилъеца лъималазе гIуцIун ругел, гIарац кьечIого щиб гьезие щолеб бугеб?

Щаялиго къана лъималазе рахь чIобого кьолеб букIараб бакIги, гьелъул кигIан кIудияб хIажалъи букIарабали киназдаго лъаниги. Дида лъалеб къагIидаялда лъималазул киналго кружокалги секциялги хIалтIула гIарцухъ ва гьенибе гьеб дагьаб гуро унеб. Дарсаздаса хадусел къокъабазул кигIанаб хIажалъи хIалтIулел гIадамазул лъималазе бугебалиги киназдаго бичIчIула. Кирха ратулел гьел мухь кьечIого гьанже? Гьелали киса гурел, хIатта предметалда хадур лъимал гьезариялъеги ккезе тIамулел руго репетиторал. Школалде лъимер босарабго разилъи гьечIолъи букIуна гьезда цIализе хъвазе лъалеб батичIони…

Руго гьанже элитниял ясли-ахалги, хасал гIадамаз рагьарал школалги, амма рес бугищ гьенибе гьоркьохъебги ресалъул лъимер кьезе? Дица гьаб суал соцсеталда лъурабани, комментарияздa хъвазе букIана: «Рес гьечIони кьечIого те абеха» ян. Батани кинаб букIинесеб нилъеца гIуцIулеб бугеб? Киб лъималазда «жидер бакI» гьитIингоялдаса батулеб?

Дида ккола гьанже лъималги батIиял ругин – дагьал хъачIал, гIумру бичIчIарал. Гьелъие гьел ругьун гьарула рокъорги, школалдаги, къотIнорги.

Дагъалъ цебе РИА Дагъистаналъул сайталда цIалана:

«РукIинесел нухмалъулезул БИНИЛЕКТ школалъул лъай кьеялъулаб проект байбихьизе буго 25 марталдаса, «Солнечный берег» абураб, лъималазул республикаялъулаб сахлъизариялъулабгун-лъай кьеялъул централда. «Просвещение» Академиялъ информациялъулаб агенствоялда лъазабухъе, гьеб проект тIобитIулеб буго тIаде гIолел лъималазул ишалъулаб ва нухмалъиялъулаб бажари лъазабиялъе, гьеб рахъ цебетIезабиялъе, гьединго лъимал гIумруялда жигарчилъи бихьизабиялъе куцаялъе. Проекталда гIахьаллъизе бегьула I2-ялдаса I5 соналде щвезегIан гIумруялда ругел лъимал. Гьенир гьел цIализаризе руго школазул каникулазул заманаялда, ишалъулаб, маркетингалъул, менеджменталъул ва коммуникациялъул хасаб лъай кьеялъул модулалда рекъон. Гьеб заманаялда лъималазда малъизе руго бизнес-планал хъвазе, бизнес цебетIезабизе, командаялда цадахъ хIалтIизе ва цогидал рахъалги…»

Лъаларо нужеда кин кколеб, амма дун гьалъ йоххизайичIо. ХIажалъи бугебдай I2 сон баралдаса лъималазда «нухмалъизеги» ва гьединго цогидалги гьел ишал малъизе? Лъималазул ракIазе хIажалъула рокьи, гьудуллъи, гурхIел, рахIму.., бизнес гьабиги, нухмалъиги гуро. Лъалароха…

БитIараб нухда ругодайха нилъ, гьалмагъзаби?

**Наида КЕРИМОВА**

НОМЕРАЛДА ЦIАЛЕ:




«ГIУМРУ КЬУРАЙ МУН, ЭБЕЛ, ГIАЛАМ КЬУРАЙ МУН, ЭБЕЛ…»

Эбелалъул берал… Эбелалъул кверал… Эбелалъул гьаракь… Эбелалъул кинидахъ кучIдул. Лъие гьел ахIичIел? Лъида гьел рагIичIел? .................... 6

АРАЛЪУСА ЦIУРМИЛ ГЬАРАКЬ



- РакIалдегицин ккоге! Бихьизабураб заманаялъ рокъой чIа, гурони дица бицине буго киназдаго дур лъимер «бичун босиялъул» хIакъалъулъ. КIочене биччаге, дихъ буго нилъер къотIи-къаялъул хIакъалъулъ видео, гьеб бахъана дол лъимер бичараз. Гьениб бихьулеб буго дуца лъимералъухъ гIарац кьолеб….......................26

ХIИКМАТАЛЪУЛЪ ГIАХЬАЛЛЪУЛЕЙ



ТАЛИХIАЛЪУЛ БАЛЬГОЛЪИ…

Дида бихьулеб букIана росуцоязул лъимал рохьазде унел ва гьеб талихIкъей эбел-инсуца бальго гьабулеб букIин... ТалихIкъейин абуни гьеб букIана киназдаго хьинтIулеб. ...... 10



- Цо-цояз абула ЭКОялъул кумекалдалъун ургьиб лъураб ва гьабураб лъимер загIипабги, гIемериселъ сакъатабги букIунилан. БитIараб бугищ гьеб пикру?

- Унго-унгояб гьереси ккола гьеб! Гьедин гьарурал лъималазул гIадатго ккараздаса щибниги батIалъи букIунаро. Щайгурелъул гьединги гьадинги лъимер ккеялъе гIахьаллъула эбел-инсул яги доноразул клеткаби. ........................ 35



# Лейла СУЛТАНОВА: ХIАРАКАТАЛЛЪУН РУКIИНЕ ККОЛА

Гьаб хIалтIуде, ай ПАО «Ростелекомалъул» Дагъистаналъулаб филиалалъул пресс -хъулухъалде лъугьунелъул дида жеги лъалеб букIинчIо пресс – секретарасул хIалтIи гьецIокъалдаги ва гьелда гъоркьлъеялдаги данде ккезе бегьулеблъи: журналистазе лъикIай йигони тIад ругел хIакимзабазе бокьуларо, хIакимзабазухъ гIенеккани журналистазе къабуллъуларо. Гьединлъидал кидаго хутIула кIиго цIадуда гьоркьор. СМИязда хIалтIулел журналистазул эркенлъи цIикIкIараб буго, гьезие рес ккола жидерго пикру загьир гьабизе, пресс-хъулухъалда ругезин абуни цIунизе ккола хIакимасул пикру яги компаниялъул мурадал.

Гьедин байбихьана нижергун гара-чIвари жиндирго хIакъалъулъ, цеехун машгьурай журналистка, диктор ва «Дагъистан» ГТРКаялъул редактор Лейла Челебиевна Султановалъ.

**- Кин мун ккарай кIудияб компаниялъул пресс-хъулухъалъул нухмалъулейлъун ва кин разилъарай телевидениялдаса гьение ине?**

- Дида абуна ячIаян ва инчIого дидаги чIезе кIвечIо (елъулаго). Гьеб букIинчIо ракIалда гьечIеб жолъунги. «Дагъсвязьинформалъул» (цебесеб цIар) нухмалъулес дида цебегоялдаса абулеб букIана хIалтIизе жидехъе ячIаян. Дица инкар гьабун букIана, амма кIиабилеб нухалда дун гьелъие разилъана. ЦIияб даражаялде яхине ккола – ян пикру гьабуна дица.

**- Цо-цояз абула пресс-хъулухъаздеги ун журналистаз жалго чIвалилан, дуца щибилан абилеб?**

- «ЧIвалин» абуралда дагIба гьабизе бегьула. ЛъикIав пресс-секретарасе чара гьечIого хIажалъула журналистикаялъул гIураб хIалбихьи ва гьеб хъулухъалда гьев жеги гIезеги рес букIуна. Амма цохIо хIалбихьи букIин гIоларо, журналистасул букIине ккола ритIухъаб балагьиги. Пресс- хъулухъалда ругезин абуни аслияб къагIидаялда цIунизе ккола ведомствоялъулал мурадал. Журналистги пресс-секретарьги – гьел цо медалалъул кIиго рахълъун кколаро, цо-цо релълъарал бакIал ругониги, гьел рукIуна батIи-батIияллъун. Цо рахъалъ абуни гьезул чара гьечIого букIине ккола гIахьалаб – хIажалъула хIаракатчилъи, цIияб жо бихьизе бажари, киналдего берги гIинги щвезабизе бажари, биччазе бегьуларо ургъел гьечIолъи.

**- Нужер пресс-хъулухъ рагьун букIана тIоцересезда цадахъ, кин байбихьун букIараб гьениб хIалтIи гIуцIизе?**

- «Дагъсвязьинформалде» дун ячIараб мехалда Дагъистаналъул цониги ведомствоялда гьединаб хъулухъ рагьун букIинчIо. РакIалде кколаан гьениб аслияб иш брифингал ва пресс-конференциял гьари букIинилан. ХIажалъун букIана жамгIияталъулгун бухьен ккезе ва компаниялъул хIалтIи лъикIаб рахъалдасан бихьизабизе. Гьеб букIана бичIчIулеб жо. Амма лъалеб букIинчIо кин гьеб гьабилебали, гьелъие дун гьанжего-гьанже ругьунлъулей йиго. Гьеб буго кIвар цIикIкIараб гIелму, жакъасеб къецалъулаб дармилаб шартIалда экономика гIуцIиялъе ва магIишатал хIалтIиялъе гьеб гIелму чара гьечIеблъунги ккана. I997 соналдаса гьале 22 соналъ гьабулеб буго дица телекоммуникациялъулаб компаниялъул пресс- хъулухъалъул хIалтIи ва гьеб байбихьана кьучIдасанго.

Дица баркала кьола дир компаниялъул, гьанже «Ростелекомалъул» нухмалъулезе гьез дир ишалъе гьабулеб кIудияб кумекалъухъ, гьелъие лъикIал шартIал гIуцIулел рукIиналъухъ. Нижер рес буго тIадегIанаб даражаялда стратсессиял, форумал, семинарал, тестал, курсал, тренингал тIоритIизе. Гьел гьечIого гьанже кинго тIуразеги тIураларо, хIалтIиги лъугьунаро.

**- Кинал хиса-басиял ккарал пресс-хъулухъазул хIалтIулъ гьел соназда жаниб?**

- Гьанже ведомствабазул хъулухъазда цадахъ хIалтIизабула pr-агенствоял. ГIемерисел гIисинал компанияз гьезда гIейги гьабула. Амма ПАО «Ростелеком» Сбербанк, Пенсиязул фонд гIадинал компаниял ва гьединго министерствабигун ведомстваби пресс-хъулухъал гьечIого тIураларо.

**- Кинал хIалтIабиха ведомствабазе нужеца гьарулел?**

- Гьел ккола тарихазул бухьеналъул хъулухъал ва гьез кумек гьабула гIумру лъикIлъизабиялъе: хехаб интеренет ва гьелъул кумекалдалъун хIалтIулеб телевидение. Гьенисанин абуни щола кумекалъе чанго сервис. ХIалтIуда гIодор рукIун, мобильниял приложениязул кумекалдалъун, нилъерго телефоналдаса тIуразе бегьула чанго къваригIел. Хасго гьелъул кIвар буго рокъор лъималгун ругел гIадамазе, яги отпускаялъ кирениги унезе, рокъор херал ва сакъатал чагIи ругезе.

Жидерго рукъалда хадуб хал кквезе гуребги, рес букIуна лъималазе нуцIа рагьизе, лъимги газги цогидабги къазеги рагьизеги, хIатта рокъоб лъималазда гьоркьоб кколеб дагIба-рагIиялде гьоркьоре лъугьинеги. Гьединал технологиял гIатIилъизариялъе нижеца бакIалъулал журналистазе гьарула конкурсал. Гьедин, телевидениялда хIалтIулей нижер пероцоялъе конкурсалдаги бергьун видеонаблюдениялъул камера бергьана. Гьанже гьелъул рес буго рикIкIадасан, рокъор ругел лъималазда хадуб хал кквезе.

«Ростелеком» буго кIудияб компания ва гьелъул рес буго социалиял программабазда гIахьаллъизеги. НижецагIицIго гIарац гьаби гуребги, тIоритIула гурхIел-рахIмуялъулал, спорталъулал ва культуриял тадбиралги. Мисалалъе, кадразулаб конкурс «Дир Дагъистан», «Сообщество» МФЦялъул форум ва гь. ц.

ГIумруялде бахъинабуна Дагъгосфилармониялъулгун цадахъаб кIудияб проект. Гьединал тадбиразул хIаракатчилъун рукIуна ЮФОялда ва СКФОялда, «Ростелекомалъул» филиалазул гьоркьоблъиялда, ккана «ЮГ» МФРалъул директор Денис Лысов. Спорталъе квербакъи, гьелда гьоркьоб сакъатазулабги, социалиялги суалазда ва культуриял тадбиразда хурхарал фондазе квербакъи буго гьесул хIаракаталъул мурад. Гьедин Дагъистаналда тIобитIана чанго лекторий, гьезул гIахьалчагIилъун рукIана лъималги.

**- СМИязулгун кин кколеб пресс-хъулухъаз бухьен?**

- Гьеб ккола кидаго букIунеб бухьен. Гьениб цIакъго хIажалъула журналистазул нижедехун кIвар буссинабизе ва гьезулгун бухьен чIезабизе. Чанги букIуна щибалиго жо гIадамазе рагьичIого тейилан журналистазда гьаризе кколебги. Нижер компаниялъ гIемерал тадбирал гьарула журналистазулгунги: конкурсал, пресс-турал. Руго нижергун лъикIаб гьоркьоблъи ккарал журналисталги ва гьелгун гьабула аслияб къагIидаялда информациялъулаб хIалтIи.

**- Кинаб мурад гьел пресс-туразул букIунеб?**

- Цоцазда лъазе ва лъикIаб гьоркьоблъи букIинабизе. Гьединго нижер цIиял ишал рагIизаризе, хъулухъал рихьизаризе: цифрабазулал, къватIир ва командировкаялда рукIаго гьаризе бегьулел телекоммуникациялъулал.

**- Дур пикруялда лъикIав пресс-секретар кинав вукIунев?**

- Пресс – секретарь вукIине ккола сабру бугеев чи. Гьесухъа бажаризе ккола хъвазе ва СМИязулгун гьоркьоблъи лъикIаб гьабизе. ХIалтIи гьеб буго жавабияб иш. Гьелъие хIажалъула жигарги хIаракатги. Гьанжесеб пресс-хъулухъалъе хIажалъула программабазулаб къагIидаялда документал ва цогидалги кагътал хIадуризе бажариги.

**- Кинаблъунха дуда бихьулеб пресс-хъулухъалъул букIинесеб?**

- Дида ккола гьел хъулухъал цIунилин, журналисталги хутIилин. Кидаго хIажалъизе руго профессионалияб мацI гIадатиялде буссинабулел чагIи. Гьанже гIемераб кIвар кьолеб буго «виртуалияб» информациялъулаб рахъалде ва гьез кколеб буго кIудияб бакI. ЛъикIав секретарасухъа бажаризе ккола цIи-цIияб жо лъазабизеги.

**- ХIалтIиялъ дурго гIумруялъе квал-квал гьабулищха?**

- Дир хIисабалда нилъер заманаялъул чIужугIадан – лъади, рукъ тIубалей яги ялгъузай хъулухъчIужу кколаро, гьей ккола кIиябго цадахъ бугей. Гьай-гьай, киналдего регIизе бигьаго букIунаро, амма хъулухъ бугилан абун, йокьулей лъадилъунги, лъикIай эбеллъунги йикIиналдаса махIрумлъизе, ялъуни рос-рукъ бугиланги абун нилъерго бугеб хIалтIи – пиша ва бажари-гьунар рехун тейги битIараблъун гьечIо.

**- Духъ балагьун бижулеб буго согIай гIаданилан абураб пикру. Гьединайлъун ккола аан мун телевидениялда хIалтIулеб мехалдаги. ТIабигIаталъго лъураб гьаракь, тIабигIияб берцинлъи ва гьебго заманаялда согIаб балагьи, щибаб рагъариялъулъ жиб бихьулеб жанисеб гIадлу. Киса дуе гьеб кинабго?**

- Батизе бегьула гьеб кинабго дун рагъухъанасул хъизаналда гIеялда бараб. Нижер хъизаналда бихьана




Мисалалъе, социалиял сеталгун хIалтIизе. Гьанже миллионал гIадамазе аслияб информация гьезул кумекалдалъун щолеб бугелъул. Абиларо газетазул ва телевидениялъул иш кватIичIого лъугIун инилан ва гIицIго интернет хутIилин, амма гьанже бихьулеб бугелъул интернеталъул кутакги, кумекги, хIажалъиги цIикIкIунеб букIин. Лъазе ккола кинал каналал хIалтIизарилелали. Кинабго гьеб бараб буго пресс-секретарасул бажариялда.

СССРалъул гIемерал бакIал. Гьаюна Прохладныялда, гIумру гьабуна Подмосковьеялъул Электросталалда, Воронежалда, Капустный Яралда, Казахстаналда, Украинаялда… Дун гIуна гIисинал ва стратегиялъулаб кIваралъул горнизоназул шагьаразда. Школа лъугIун хадуй ячIана гIагараб Дагъистаналде ва цIализе лъугьана ДГУялъул ФИЯялъул немец мацIалъул отделениялде.

**- Гьеб дур лъимерлъиялъул анищищ букIараб?**



- Анищ букIана немцазул мацI лъазабизе ва тилмачлъун яхъине. Бокьун букIана рагъулал тилмачал хIадур гьарулеб институталде лъугьине, амма эмен данде чIана ва МахIачхъала гурони батIияб бакI цIализе лъугьине гьесие къабуллъичIо. БагIараб дипломалда университет лъугIидалги дие аспирантураялде нух рагьун букIана. Амма дун росасда хадуй хIалтIизе ана рикIкIадаб Рутул районалъул Мюхрек росулъе, гьеб ккола нижер гIагараб росу. Росги гьениса вуго. Дир кIудадал рагъи букIана дир росасул рукъалъул тIохлъун (елъулаго).

**- БакIал хиси дуе ругьунаб иш бугелъул, бигьаго ругьунлъун ятила цIияб бакIалдеги?**

- Гьаний ругьунлъизе гIезегIанго захIмалъана. МагIарухъ гIумру гIемерго батIияб букIана рагъулал городоказда бугелдаса. Дие, шагьаралда гIурай ясалъе захIматго букIана мугIрузде ва магIарул гIамалхасиятазде ругьунлъизе. Дида кидаго ракIалдеги кколароан рагъулав гурев, штаталъулав чиясе инилан.

**- РакI бухIичIищха офицерасе инчIого хутIиялдаса?**

- Гьанже дида цебе чIоларо кин рагъухъанасул лъадилъун йикIине йикIараяли. Кидагосеб гочари… Дида гьитIинаб мехалда бичIчIулароан кин эбелалъе гьеб щибаб 3- 4 соналдасан горнизоналдаса горнизоналде гочи захIат букIарабали…

**- Рос щиб пишаялъул чи дур вугев?**

- Ниж кIиялго ккола творчествоялъулал гIадамал. Гьев вуго художник, МухIамад МухIамадов (тIокIцIар Пираевич), художниказул Союзалъул член, ДГПУялъул живописалъулаб кафедраялъул доцент ва ДГТУялъул гьединабго кафедраялъул заведующий, Дагъистаналъул мустахIикъав художник.

**- Телевидениялде кинха мун ккарай?**

- Росулъ лъагIелалъги хIалтIун ниж, МахIачхъалаялде гочана. Дун лъугьана Пединституталде немец мацIалъул мугIалимлъун хIалтIизе. Доб заманалда захIматго унтун йикIана дир эбел ва гьелъие гьабизе кколлан хъулухъ, гIемерисеб заман гьелда аскIоб тIамизе кколаан. Гьеб мехалда рагIана «Дагъистан» ГТРК-ялда дикторасул конкурс лъазабун бугилан. Дида ракIалде кколароан гьение йорчIилин ва ракIалдаго букIинчIо тележурналисткалъун яхъинилан. ЛъагIелгIан заманаялъ букIана кьолеб гьеб лъазаби. Дица гьенибе ахIана бихьизабураб номералда. Дир гьаракь рагIарабго гьез ахIана гара-чIвари гьабизе ва гьезие къабуллъана. Дилъ гьезда батана, доб заманалда вукIарав телевидениялъул директор Феликс Астратьянцица абухъего, кинабго цадахъ: гьаракь, лъай ва тIокIлъи. Гьедин йосана хIалтIизе ва анкьица ругьунги гьаюн эфиралде яхъана. Телевиденияльда дун анцIго соналъ хIалтIана дикторлъун ва редакторлъун.

**- Гьанже бажаризе букIанищ цеего гIадин ТВялда хIалтIизе?**

- Гьанже гьениб хIалтIи дагьаб батIайиса буго. Цебе нижеца кинабго цадахъ гьабизе кколаан: цIиял харбал ва программабазул передачаби цIали, лъазарилъ, авторазул передачаби ва гь ц. Доб заманаялда ГТРК букIана монополистлъун ва 97 процент республикаялъул территория гьелъ кколаан. 25 соналъ цебе букIинчIо интернет, гьединлъидал ТВ букIана рекIелгъеялъе батулеб кумекги.

**- Галина Дулиеваги мунги рукIана доб заманаялда нилъер телевидениялъул маргьабилъун. Кин мун ругьунлъарай гьеб машгьурлъиялдаса хадуй гIадатияб гIумруялде?**

- Телевидениялдаса дун циндаго гуро нахъе арай. Киналго, экраналда жанир рихьулезда бичIчIула кида бугониги гьеб машгьурлъи тезе кколеблъи. Байбихьуда гIадамазда лъалел рукIин лъакI рагIаниги хадуб гьеби чIалгIуна. Дун гьанжеги гIемеразда лъала гьаркьидалъун ва йихьун.

**- РакIалъ цIаларищха телевидениялде? Гьение тIад юссине ракIалде кколарищ?**

- ЧIалгIунаан, амма юссине хивал гьабичIо. Дун гьезухъе гIемерай щола, гьоркьоблъи ва бухьен цIунула.

**- Дур вас Саркар МухIамадов «Россия – I» каналалъул машгьурав корреспондент Дагъистаналда ва Россиялда гIемеразда лъала. Цоги лъимал ругищ нужер?**

- Дир вуго кIиго вас. КIудияв Руслан, нижер тIолабго творчествоялъул хъизаналда гьоркьов, ишалъулав чи вуго (елъулаго). Лъимал ккола дир божарал кумекчагIи. КIиялго рикIкIуна лъикIал специалисталлъун. Гьездалъун дие щвана кIиго меседал гIадинал ясалги (васазул лъудби) ва дун ккола талихIай кIодоэбелги.

**- Кин мун регIулей кинабго гьабизе? Гьеб суал дица киналго бажари бугел руччабазе кьола. ГIолебищ рокъоб хIалтIиялъе заман, захIмалъуларищ?**

- Дие бокьула гIумруялъул сурат гIемеркьеразулаб, бечедаб букIине. Лъалеб жо буго чIалгIен байбихьани щибго гьабизе бажаруларeблъи , гьираялда гьабулеб кинабго данде билъунеблъи. Нилъехъ, Дагъистаналдаги Россиялдаги цIикIкIараб заман уна хIалтIуда… Гьеб захIматги буго, амма бажарун гьабулеб ишалъулъ гьеб захIмалъиги рагIуларо.

**Виолетта РАТЕНКОВА**

# Майилан кьураб босичIони, кьейилан гьаризе кколеб...

Аллагьасул хIукмуялдалъун, нилъерго хирияй Фазу ГIалиевалъул ва цогидазулги баркаталдалъун, нилъ цоцазда рагIизе, гIакълу бикьизе, пикраби дандразе, рихьизе, лъазе ва цоцазе кумек щвезе нилъей кьун буго «МагIарулай» журнал. Майилан кьуралдаса пайда босичIони, кьейилан гьаризе кколеб гIадатги букIунелъул, хьул буго, хирияв магIарул руччаби, ясал, яцал, щибаб санайил подпискаги гьабун, журналги цIалун, нужерго пикрабиги журналалде хъван, гьеб пайдаяб хIалтIи цебе бачиналъе нужеца кумек гьабилилан.

«МагIарулай» журналалъул буго бечедаб тарих. Гьанже гIадин, киналго суалазе жавабгун, интернет щивасул кисиниб букIинчIеб заманаялъ, руччабазе чара гьечIого хIажатаб кумекчIужулъун букIана «МагIарулай» журнал. Гьеб кидаго букIана руччабазе бокьулеб, пайдаяб, жиндасан гIемерал лъикIал, цIиял, цере лъаларел рукIарал баянал, малъа-хъваял щвезе рес бугеб басма.

Щиб хъванидай гьанжеги магIарул руччабазе чара гьечIого къваригIунеблъун лъугьинеб нилъер журнал?

Щибха бицунеб руччаби данделъараб бакIалда? КъватIул харбалилан абилаха нужеца. КъватIул харбал рицунаха жидерго гIумруги кIочон яги квер хьвагIун тун, чияр гIумру гьабулел ругел чагIаз. Дида ракIичIун лъала, гьединаз кодобе босун кагътидаса цо хIарпги цIалулареблъи. РегIун рукIунаро гьел, кинавго чиясул гIумруялда хадуб халкквезе кколелъул.

Газет-журналги цIалулел, лъалареб жо лъазе хIаракатги бахъулел, цогидазул пикруги лъазе бокьарал руччабаз данделъараб бакIалда бицуна хъизан-лъималазул, рос-рукъалъул, цIали-къалиялъул, рукIа-рахъиналъул, тарбия кьеялъул, как-диналъул, мадугьаллъи-къоноялъул, росу-ракьалъул, квен-тIехалъул, ретIел-хьиталъул, боцIи-панзалъул, гIолохъанлъи-херлъиялъул, хварал-гIуразул, гIаданлъи гьабиялъул, ритIухълъи-тIекълъиялъул, тIадчагIазул хIалихьалъиялъул, хIукуматалъул политикаялъул ва гьеб гуребги цогидалъул. Гьеле гьел суалал рорхун лъикIилан ккана нижедаги нилъерго «МагIарулай» журналалъул щибаб номералда. РакIичIун лъалеб жо буго, жеги гьеб тIолгодунялалъул гьин хадуб гIунтIичIеб гIемераб бечелъи букIин нилъер, кигIан гьеб интернет хIалтIизабизе лъалездаги, гIодор ккун хваниги, батизе рес гьечIеб. Гьеле гьеб бечелъиялъул къатIраби, къиматаб жавгьар-якъут гIадин, кьела нилъеца магIарул руччабазухъе. Нуж гьелъие ва гьеб нусгогIан кIудияб сайгъатазе мустахIикъал руго, хирияв магIарулал!

Цойги бокьун буго, цересел саназул журналазда рукIарал «Ясазул годекIан», «Нилъ ва дин», «Кьерилай», «Дунялалъул руччаби» ва гьел гурел цойгидалги рубрикаби цIигьаризе, цересел журналазда рукIарал, гьанжесел руччабазеги пайдаял материалазде тIадруссине.

Хьул буго, кидаго цого чагIи гаргалел течIого, нужерго рекIее рахIат толарел, цойгидазулгун дандрани пайда букIиналда ракIчIарал суалал, яги нижеца хъваралда тIасан нужерго пикраби, гьале гьаб адресалда bahu4y@mail.ru нужецаги загьир гьарилилан.

**ХIурматгун**
**Баху МУХIИДИНОВА**



# «ГІумру кьурай мун, эбел, ГІалам кьурай мун, эбел...»

Эбел! Эбелалъул бераздалъул валагьула тІоцеве щибав чи дунялалъухъ. Гьелдаса гІагарав, тІадегІанав, цебесев чи лъимадул дунялалда вукІунаро. Гьединлъидал, кигІан гІемерал хинал рагІаби абуниги, кигІан эзданиги, кигІан сайгъатал гьаруниги – эбелалда цебе нилъер налъи тІубаларо. Улбузда кидаго лъалеб букІине ккола кигІан цІакъ гьел нилъее рокьулелали ва гІумруялда жанир нилъее гьел гьечІого гІолареллъи.

Эбелалъул берал… Эбелалъул кверал… Эбелалъул гьаракь… Эбелалъул кинидахъ кучІдул. Лъие гьел ахІичІел? Лъида гьел рагІичІел?

Гьарун щвараб цІадал щуб,
ЦІалун щвараб бакъул нур,
АхІизе цІар берцинав,
Бихьизе куц берцинав.
Гьанги белъун, чед бежун,
Чанавеги унев ав.
Чуги бачун, цІал кьабун,
ЦІоровеги унев ав – илан васазе.

Вай дур дада чІахъаяй,
Дардаманалъул гагу.
Дадал васал чІахъаяй,
Хайдакъалъул багІаргІеч.
Бакъда хІотолъ букІунеб
Бакъан берцинаб мокъокъ,
ХІорлъуданиб букІунеб
Мукъур сурмияб микки.
Берал руго берцинал,
Щиб кьуниги кьоларел,
Кьунсрул руго гьайбатал,
Азар гІиял багьаял – илан ясазе.

Гьадиналги, гьазда релълъарал цойгидалги, гІемерал руго наслабаз наслабахъе кьун нилъехъе щварал, нилъер халкъалъул кІалзул гьунар – кинидахъ кучІдул. РакІ чІола, щибай эбелалъул жиндирго, жиндирго лъимадул кинаб гьунар букІине бокьилебали, гьелги жанир лъун сипатал гьарурал кинидахъ кучІдул рукІиналда. Нилъер гІемерал шагІирзабазулги руго кинидахъ кучІдул.

Гьале гьаб буго нилъер Расул ХІамзатовасул :

Кинидахъ ахІараб кечІ
Кьижа, дир вас, кьижа мун,
Духъ балагьун ракьалда
Рокьиги цинги бугин,
Рогьоги цІарги бугин.

Дица мун рокьиялъе
Гьавун вуго ракьалда,
Куркьбал дица цІумалъул
Лъун руго дир цІаралъе.

Биччаларо дица ццин
ЦохІониги лахІзаталъ,
Цогияз босе рогьо,
Дир васасе кьеларо.

Кьижа, дир вас, кьижа мун,
Кьурул рагІалда доле:
Лебаллъиги, хІинкъиги,
ХІакъабги, гьересиги.

Дица дуе гьеб бетІер
РитІухълъиялъе кьуна,
Дур каранда жаниб ракІ
Лебалъиялъе лъуна.

Биччаларо гьереси
Гьайбатаб дир чанихъе…
Гьукъила дица хІинкъи
Дир хІайранаб тІанчІихъе.

Дица мун бакъалъеги
Ракълийги гьавун вуго,
Дица духъе рохелги
Ихги ахІулеб буго.

Кьижа, дир вас, кьижа мун,
Кьеларо дир вас ргъуй;
Данде чІваге къварилъи,
Дир лъимер паракъат те!

Унгоги нилъер пачалихъалда Улбузул къо тІобитІизе байбихьана цодагьаб цебегІан. Цойгидал байрамал гІадин гьанжеги кІодо гьабуларо гьеб къо. Дунялго бихьарав, киналниги пачалихъазде щварав нилъер кІудияв шагІир Расул ХІамзатовасда квешцин букІун букІун буго гьеб къо къватІисел пачалихъазда кІодо гьабулеб букІин ва нилъер гьечІолъи...

Дир эбел, Америкалъ,
Дол рикІкІад улкабазда
Эбелалъул хасаб къо
Буго къоязул чІумалъ.

Гьеб къоялда, мугІрузде
КьагІи руссунел гІадин,
Руссуна улбузухъе
Гьезухъ урхъарал лъимал.

РачІуна гьел, гьитІинго
ЦІа бакарал гъасдаре,
ЦІикІкІарай эбелалда
Баркалаян абизе.

РачIуна, зодор рукIа,
РачIуна, гIодор рукIа,
ГIумрудул аслуялъе
Сайигъатгун, саламгун.

Бесдал хутIарал лъимал
Хабалазухъе уна,
Нужер хиялалъ ругин
Улбул, нижан абизе…

Эбел, дица къоязул
ГIемер чIумал рикIкIана,
Гьадин ракI хIайранлъулеб
ЦохIониги батичIо.

Байрамалги рукIана,
Къварилъабиги лъана;
Эбелалъул къо гIадаб
Къо цоги данде чIвачIо.

Огь, дун къварилъарав куц
Доб чияр улкаялда! –
Эбелалъул къо нилъер
Кавказалда щай гьечIеб?

ГIаданлъиги гIакълуги
Рекъараб гьаб гъотIода
Гъулдузул тIалъиялъул
ТIанчIи кин гIодор чIелел?

Ах лъалъалеб къо буго,
Хур лъилъулеб къо буго,
Лал бокъараб къо буго, -
Эбелалъул къо гьечIо…

Дир гьаб гьаракь рагIигун
Каранзул ракI ахIдана:
КиналгIаги къоял дур
Эбелалъул ругилан.

Элъул пикруялдаса
Мун кидал эркенлъарав?
Кавказалъул васазде
Гьедин абугейилан.

Вай, дир хирияй эбел,
Хис-хисулеб мехалъул
Халатал чIумал тIолго
Дур къояз гIуцIун руго.

Лъимерлъун – дур квенчIелда,
ГIолохъанав – дур берзукь…
ГIумру дур свараб мехалъ,
Дур зонохъ гьадин вуго.

Нилъеца Эбелалъул къо кIодо гьабизе байбихьана I998 соналдаса нахъе. Дир хIисабалдаги, цо гьеб къоялъ гуро эбел кIодо гьайизе кколей, цо къоялъ гуро гьелда берцинал рагIабиги абизе кколел, цо къоялъ гуро эбелалъе сайгъатал кьезе кколел - щибаб къо букIине ккола лъималазе Улбузул къолъун. ШагIирасдаса берцинго эбелалда рагIаби абизе нилъер гьунар гIеларо:

Квен кьурайги мун, эбел,
КечI кьурайги мун, эбел,
Квер кьурайги мун, эбел,
Бер кьурайги мун, эбел.

Их кьурайги мун, эбел,
Нух кьурайги мун, эбел,
Бакъ кьурайги мун, эбел,
Къо кьурайги мун, эбел.

ГIумру кьурай мун, эбел,
ГIалам кьурай мун, эбел,
Хинлъи кьурай мун, эбел,
ЛъикIлъи кьурай мун, эбел.

ГIадамал цоги руго,
Мун цохIо – тIокIай гьечIо,
Цогияз дуца кьолеб
Асар дий лъица кьелеб?

Щай мун къаникье арай?
Щай дий къварилъи кьураб? – илан.

ЦIУНЕ УЛБУЛ!

**Баху МУХIИДИНОВА**



# ТIалаб гьабизе чи гьечIого теларин

ГIемерал суалал руго пачалихъалъул тIалаб гьабизе чи гьечIел ва захIматаб хIалалде ккарал хъизаназе кумек гьабизелъун жал гIуцIарал идарабазде ва къайимлъиялъулал идарабазулъги бихьулеб буго бокьараб хъизаналъе хIинкъи. Гьединаб хIинкъи къучI гьечIебги гуро, амма гьаб ахираб заманалда гьеб рахъалъ дагьал лъикIал хиса-басиял кколел руго. МахIачхъалаялда бихьулеб буго гьеб системаялда къанагIатаблъун рикIкIине бегьулеб мисал.



Санаде рахинчIезул социалиябгун – реабилитациялъул Центр ккола гIумруялъул захIматаб ахIвал – хIалалде ккарал лъималазе хехаб кумек гьабулеб учреждение. Гьеб учреждениялъул хIакъалъулъ, щай лъимал гьенире ккола ва кинаб хасльи гьезул хIалтIулъ бугебали нилъее бицунеб буго директор Аминат Абакароавалъ

- Нижер Центр рагьун букIана I997 соналъ. Аслияб мурадги букIана хьихьизе ва тIалаб гьабизе чи гьечIого лъимал тунгутIизе ва санаде рахинчIел, жал гIумруялъул захIматаб хIалалде ккарал лъималазе социалияб реабилитация гьабизе.

**- Кинаб батIалъи гьеб Централъул лъимал къабул гьарулеб рукъалдаса бугеб? Гьанибе ккараб лъимер тIокIалъ киданиги рокъобе буссунарилан абураб божи буго гIемерисел гIадамазулъ бижун…**

- Центр хасаб приемник яги лъималазул рукъ гуро. Ниж гьезие тамихIалъе гурел, кумекалъе хIалтIула. Нижер мурад лъимер бесдаллъизаби гуро, гьеб рокъобе хъизаналде буссинабиялъе кумек гьаби буго. ЗахIматаб хъизаналда гIолеб ва захIматаб хIалалде ккараб лъимер заманаялъ нижехъ букIине бегьула, гьелда бихьула гIадатияб парахатаб хъизаналда кинаб гIумру букIунебали. Гьезие рес кьола рокъоре руссине ва гьенире гьел руссуна цере рукIараздаса батIиял, батIияб ахIвал – хIалалъул лъикIаб асаргун, гьелъ лъикIаб хIасилги кьола .

**- Лъималазул ребилитациялъул цIияб къагIидалъикIаб батанищха?**

- Нилъеда ракIалда букIахъе, 90 абилел соназда цIакъго гIемерлъун рукIана тIалаб гьабулел чагIиго гьечIел лъимал. Лъималазул рукъзабахъ гьединазе бакIги гIолеб букIинчIо. Гьединлъидал, гьеб заманаялъ гIемерал рагьана пачалихъалъул гурел приютал, амма гьебги киналго рахъал рекъараб къагIида букIинчIо. Заманаялъ тIалаб гьабулеб букIана лъималазеги хъизаназеги реабилитациялъе батIияб къагIида ургъизе, рес батизе. Дол приюталги лъималазул рукъзалги рукIана заманалъ чIолел бакIал, гьенир лъималазе рацIцIа-ракъалъи гьабулаан, кваназарулаан, гьезда щиб кинилан гьикъулаан ва кире ритIани гьезие лъикI букIинебалиги ургъун, гьел жидерго хъизаназде ялъуни бесдалазул учреждениязде ритIулаан.

**- Жакъа щиб хаслъиха нужер хIалтIул бугеб ?**

- Централъ цогидал ведомствалгун цадахъ лъугьун, гьединал лъималазе ва гьезул эбел – инсуе гьабула социалияб, психологияб ва цогидабги кумек, тIадбуссинабула гьединал хъизаназул социалияб статус, бажарараб гьабула гьединал лъимал жидерго хъизаналде руссинариялъе. Гьединго нижер учреждениялъ кинабго хIалтIи гьабула пачалихъалъул харжаздаса, тIаде росула гьенире ккаразул мурадал, ихтиярал цIуниялъул хIалтIи, хIажатазе щвезабула медициналъул кумек, кумек гьабула специальность щвеялъеги. Централъ тIубазабула лъимералъ гIумру гьабизе рекъон кколел шартIал гIуцIиялъул суалги, лъай кьеялъул, жанисел ишазул, къайимлъиялъул, санаде рахинчIезул ишазул комиссиялъул кумекалдалъун чIезабула лъимадул статусги.

**- Щиб жо гьеб «социалияб статус»?**

- Гьеб буго жамгIияталда лъимералъ кколеб бакI бихьизаби. Бесдалавищ гьев, эбел – инсуца рехун таравищ, тIалаб гьабизе чи гьечIого хутIаравищ, яги захIматаб хIалалде ккаравищали мухIкан гьабун бихьизаби.

- КигIанасеб къадар лъимал къабул гьаризе кIолеб Централда ва кинал шартIал гьенир гьезие гIуцIун ругел?

- Нижехъ рукIине бегьула цадахъго I37 чи, лъабгоялдаса I8 соналде щвезегIан гIумруялда ругел. Центр хIалтIула цебе ясли – ах букIараб бакIалда, буго гьениб кинабго реабилитациялъе хIажатабщинабги, телевизоралги, аудио ва видеотехникаги, медкабинетги, психологияб кумекалъул кабинетги, музыкалияб залги, рукъариялъул ва цIулал устарлъиялъул мастерскаялги, гьелъие хIажатаб щинаб тIагIелгIучIги. Буго Централда лъикIаб мебель, технологиялъул оборудование, автотранспорт. Гьединго гьенир руго социалияб диагностикаялъул, социалияб реабилитациялъул, социалиябгун – ихтияразулаб кумекалъул отделениялги.

**- Кинаб хIалалда лъимал Централде рачIунел?**

- ГIемерисел гьел рукIуна загIипал, гIорцIизегIан квен щвечIел,язихъал, гIадамазда кIалъазего бокьуларел, божи гьечIел, лъавукъал, щибниги цIияб жо къабул гьабуларел… Бащдаб лъагIел гьениб бараб мехалда тIуранго хисула, лъугьуна рагьарал, авадагьанал, жигаралльун. Гьай – гьай, гьеб киналъего кумекалъе батула жибго лъимадул тIабигIияб рахъги… Киналго гIадин лъимал гьенире рачIуна сахлъиялъул нахъеккейгун, психикияб ва нервазулаб хисигун. Гьеб кинабго буго гьез гIумру гьабун букIараб ахIвал-хIалалда бараб иш. Гьединлъидал, Централде ккарал лъималазухъ лъикI хал-шал гьабула тохтурзабазги психо-



логазги ва хIажалъи бугони гьел сах гьаризе больницаялдеги ритIула.

**- Кин гьел лъимал нужер Централде кколел?**

- РукIуна эбел-инсул гьариялда рекъон рачIунелги, къайимлъиялъул ва опекаялъул идарабаз абун росулелги, гьединго полициялъ рачIунелги. Къанагlат ккола нижехъе лъимер судалъул хIукмуялдалъун битIиги. Гьел ккола жидеца гIадлу-низам хвезабиялда бан судалъ гьединаб тамихI - эркенлъиялдаса махIрумлъи жидее бихьизабурал ва реабилитациялъулаб программалда рекъон сах гьарулел лъимал.

**- Кинал захIмалъабигун лъимал нужер Централде рачIунел?**

- Аслияб, ай гIемерисеб батулеб гIиллалъун букIуна эбел-инсулгун мацI-хIал рекъонгутIи. Ялъуни лъимер букIуна тIасанккезе биччараб, яги цIакъго къварид гьабураб. Гьединаб лъимадул букIунаро цIалуде гьира ва гIумрудул мурад. РукIуна лъимал гьекъолдулел эбел-инсуца гIезарулел, эбелалъги инсуцаги, яги цояз наркотикал хIалтIизарулел… гIемер батIи – батIиял гIиллаби ратула лъимер нижехъе ккеялъе. Дагьал гьечIо бесдалал, хьихьизе, эбел – инсуца рехунги тун тIалаб гьабизе чи гьечIел. Гьединго хъизаналги ратула батIи – батIиял: тIурараларги тIурачIелги, битI ккаралги ккечIелги, лъимал гIемерал ва мискинал. Чанги букIуна, хъизаналъул хIалги битIичIого, лъимер кIиабизе нижехъе ккейги.

**- Баянаб букIахъе лъималазда гьоркьоб гIемер букIуна дагIба – къец. Кин нужеца гьел ракълиде рачунел?**

- Лъимал руго лъимал ва дагIба – къецги гьезда гьоркьоб кибго ккола. Нижеца рухIияб ва культурияб рахъал церетIезарула ва гьелъие мисаллъун чIахIиязул рукIа – рахъин бихьизабула. Школалде инчIел гIисинал лъималаз лъикI къабул гьарула маргьабиги, хIаялги ва гьединго батIи – батIиял, рухIиябгун тарбия кьеялъулаб мурадалъул, жидер магIна лъикIлъиялъулъ бихьулел хIаялги …

- Централда лъимал рикьун руго ичIго группаялде, гIумруялъул, жинсалъул хIисаб гьабун ва щибаб группаялда хадур чIезарун руго педагогги психологги. Гьенир гьединго чIезарун руго рокъор рукIунел гIадинал шартIалги. Гьеб гуребги Централъ социалияб реабилитациялъе гьабула гIемерал хIалтIаби. РукIа – рахъиналъул гIадлу биххарал лъималазе кватIизе течIого гьабула социалиябгун



психологиялъул ва социалиябгун – педагогикияб кумек. Гьелъие хIадур гьарурал хасал программабиги руго. Гьениб хIисабалде босула щибаб лъимадул тIабигIат – гIамал, бижизабула битIараб бичIчIиги балагьиги ва гIадлуялда хьвадизе ругьун гьарула. Психологаз ва педагогаз, социалияб кумекалъул специалистаз тIоритIула лъимал ритIун хьвадизариялъул, ритIун кIалъазариялъул, суратал рахъиялъул, хIалтIудаса жал гьариялъул тадбирал. Буго рокъосеб хIалтIул, цIулал тIагIелал гьариялъул цехал, рукъариялъул кружок.

Централда гIолел (гьенир руго тIоцебеселдаса ичIабилелде щвезегIан классал) цIализарула МОУ СОШ №34 ялъул филиалалда. ИчIго класс лъугIун хадуб , аттестаталда цадахъ гьезие кинаб букIаниги махщалил хIалбихьиги щола ва гьезие кумек гьабула кинаб букIаниги техникумалде яги колледжалде цIализе лъугьине.

**- КигIанаб заманаялъ лъимал нужехъ рукIунел?**

- Цоял рукIуна кIиго – лъабго къоялъ, хъизаналда ахIвал – хIал рукIоалиде ккезегIан. Цо – цо нижехъе тохлъукьего ккаралги рукIуна, гьединал хадусеб къоялъго нахъе рачун уна. Чангиял рукIуна гIемералъги…

**- Хъизаназулгун кинаб хIалтIи гьабизе нужер ихтияр букIунеб?**

- Лъиданиги ракIалде кколаро хъизаналъухъаги бахъун пачалихъалъул



учреждениялде кьезе, гьениб гьеб хъизаналда кинабго лъикI бугони. Эбел – инсул ихтияраздаса гIадамал ратIа гьари буго бищунго ахирисеб иш. Амма киналго эбел – инсуца гуро хIаракат бахъулеб кинабго рекъезабизе.

**-Хъизаналъухъе тIадбуссинабигун лъимералъул бугеб хIалалда хадуб хал кколищха нужеца?**

- Ккола, хIажалъи бугони нижеца лъимер цIидасанги бачуна Централде.

**- Нужеда цадахъ Централда лъимералъул хIал лъикIлъизабиялъе хIалтIи цоги лъица гьабулеб?**

- НижехЪ руго лъикIал педагогал ва психологал. Гьез лъималазе кьуна анцI – анцI сонал. Гьезул кумекалдалъун лъимал лъикIаб рахъалде хисун рихьидал гурхIизе бачIуна жидерго лъималазул лъикIал рахъал рихьизе ва рагьизе бажаричIел эбел – инсуда.

**- Централъ гIемералищ тадбирал гьарулел эбел – инсуда лъимал ричIчIизариялъе?**

- Лъималазе ва гIолилазе гьабулеб социалияб реабилитациялъул гIемерал рахъазул программаялда рекъон нижеца гIемерал тIоритIула къецал, эстафетал, конкурсал, сахлъиялъул къоял, бичIчIи кьеялъул гара – чIварияял. МахIачхъалаялъул ОМВДялъул Светский районалъул санаде рахинчIезулгун хIалтIи гьабулеб инспекциягун цадахъ лъугьун, нижеца тIоритIана: «Нижеца сах – саламатаб гIумруялъул рахъ ккола», «Кин лъимал интернеталъул заралиял хIаяздаса цIунилел?» ХIай «ХъахIилаб кит» - гIолилазе хвалилаб хIай», «Санаде рахинчIезул ихтиярал ва тIадал ишал. Гьезда дандчIвазе бегьулеб хIинкъи», «Экстремизмаялъе ва терроризмаялъе бакI гьечIо» абурал гара – чIварияял.

**- Гьединал тадбирал гIицIго Централдайищ рукIунел?**

- Гуро, щибаб сональъ риидал, каникулазул заманаялда Централдаса

лъимал хIалхьиялъе уна сахлъизариялъулал лагеразде.

**- КъотIноб яги цоги бакIалда хIал – зулму жиндие гьабураб, яги цогидаб къварильи лъараб лъимер жибго бачIине бегьулищ нужехъе? Яги телефоналдаса ахIун щвезе бегьулищ нужер кумек?**

- ГIаммаб, лъималаздехун хъачIлъи биччангутIиялъул информациялъулаб компаниялъул тIалабалда рекъон республикаялда хIалтIулеб буго тIолгороссиялъул номер **«божилъиялъул телефон» 8800200I22.** Гьебгун жубазабураб жеги кIиго социалияб хъулухъалъул учреждениялъул телефонги буго.

**- Нилъер заман буго лъималазеги ва гIаммазулго букIинеселъеги хIинкъи цIикIкIараб. ГIемерлъулел руго «социалиял бесдалал», чIаго эбел–эменги рукIаго. Лъугьун бугеб ахIвал – хIал хисизабизе лъугьинчIони, гьедин гIолел лъимал жалгоги рукIина гIадлу гьечIеллъун ва гьезул лъимал дагьалги хIинкъи бугел, гIадлу хварал лъугьина. Нужеца анищал гьарулищ Централъул хIалтIухъабазул хIаракаталъ гьенире ккарал лъималазул гIумру мустахIикъаблъун букIиналъе квербакъилин?**

- Гьай – гьай! Гьелъиелъидалха ниж хIалтIулел ругел. Реабилтация гьабун хадур нижехъ хутIула бищунго лъикIал, хIалтIизе бокьулел, рацIцIадал лъимал. Киналго жидеда дандчIварал захIмалъаби къезаризеги гьезухъа бажарула ва божула гьел мустахIикъаллъун гIелин кIудиял.

Кидаго гуро гIумруялда гIадамазе бокьухъе кколеб, амма нижеца хIаракат бахъула цо кIудияб хъизаналда гIадин рукIине. Нижер щивас жигар бахъула цоцае кумекалъе ратизе. Централъул специалистаз хIалтIи гIуцIула Лъай кьеялъул, Сахлъи цIуниялъул министерствабазул, санаде рахинчIел лъималазул ишазул Комиссиялъул, опекалъул ва къайимлъиялъул, МВДялъул, Спорталъул ва Культураялъул министерствоялъул гIахьаллъиялдалъун. Нижее кумек гьабула регионалъул ва улкаялъул хIукуматаз, волонтёраз, спортсменаз, жамгIиял хIаракатчагIаца, студентаз, гурхIел – рахIмуялъул фондаз. Гьедин нижер буго кIудияб команда ва рохарал руго нижеца тарбия кьун гIурал гIадамал гьоболлъухъе рачIун рихьизеги!

**Виолетта РАТЕНКОВА**

# ТалихIалъул балъголъи...



Хъизаналъул талихI абураб рагIулъ буго кIудияб магIна. Кинаб гIакъиллъиха бугеб гьеб талихI гIуцIизе бажариялъулъ ва цIунизе кIвеялъулъ. Гьединаб бажариялъул ва дагъистаниязе хасиятаб къохIехьеялъулъ тIирщула хъизаназул цадахъаб гIумруялъул талихIги, щибаб къоялъул рохелги, хадусел гIелазул букIинисебги. Кинабго гьеб ккола къвакIарал, рагIи дагьал, божел цIикIкIарал, багьадурал ва намус-яхI цIунарал гIадамазухъа гурони лъугьунареб иш. Амма, балъго щай гьабилеб, гьанже чIороголъулел руго кидаялиго гIемерал гIадамаз гIумру гьабулел рукIарал мугIрул росаби. ТIаде гIолеб гIелалъ гIумру гьабиялъе ралагьулел руго бигьаял нухал.

Декабрина ХIажимухIамадовна гIемерай ургъулей йиго щибдай мугIрузул районазул ккела абураб суалалда тIад. ЦIакъ гIемераб хвезе тун буго, гьездаса аслияблъун ккола гIадамазда ракь хIалтIизабизе кIочон, гьелдаса рокьи тIей. Умумуца гIетIги тIун гьарурал, гIасрабаз гьел хьихьарал хурзал цIунизе ва хIалтIизаризе гьира бугел гIадамал ратулел гьечIо.

- Унго-унгогиха, - ян угьун биччана Декабринаялъ, - гIодоблъиялда бигьаго буго. МугIрул росабалъ гIумру гьабизе гIадамазе бокьулеб гьечIо. РакIалде ккезе бегьилаан нижер кинабго бугин – гIатIидаб рукъги, рукъ сверун ахги, хутIарабщинабги, - амма гьале шагьаралде вахъана хъизангун гьитIинав васги.

Декабрина ва гьелъул рос ХIажимухIамадица бащдаб гIасруялдаса цIикIкIун заманаялъ гIумру гьабуна гIагараб Табасаран районалъул Бургикент росулъ. Рокьиян абураб жо рагIани Декабринаялъ квер хьвагIун тола:

- Кинаб рокьи букIунеб, абуралъуе кьуна – вассалам! АнцIила анлъго сон бан букIана дица. Амма талихIай гIадан йиго дун. Рос дир вуго лъикIав, гIаданлъи бугев, адаб-хъатир цIикIкIарав чи. Нижер руго анлъгоял лъималги: лъабго вас ва лъабго яс; гьезулал чанал ругел, чIая рикIкIине: анцIила микьгоял ва ункъоял лъималазул лъималазулги гIуна. Гьаб журнал къватIибе бачIиналде, Бичас биччани цойги вукIина нижер

тухумалда цIияв чи. Хъизаналъул талихI щибан гьикъуге, дихъа гьелъие жаваб кьун бажариларо. Жаваб кьезе бегьулищ кин ихдал гъветI тIегьалеб ва кин гьелда пихъ балеб абураб суалалъе? Гьединго хъизанги. Гьебги тIегьала, рокъоб аваданлъи ва рохел бугони ва пихъги кьола цоцазда ричIчIун ва хIал рекъон рос-лъади ругони.

Гьедин буго нижер хъизаналдаги. Лъимал гIуна рокьигун, гIемерал хIалтIана, щивасда лъалаан эбел-инсуе кумек гьабизе кколеблъи. Рокъоб букIана гIемераб рухIчIаголъи: гIачи, гIи, гIанкIуял ва гьелде тIадеги гьабизе кколаан ахги. Дица кидаго лъималазда абулаан ва гьанже гьезул лъималаздаги абула киналдехунго рокьи букIине кколин.

## ГIАГАРАБ ТАЛИХI

Щай дие пашманаб хабар… Дида ракIалде ккола росасулги дирги талихIаб гIумру гьанжего гьанже байбихьанин: лъималазул лъималаз ва гьезулги лъималаз сверун ккураб мехалъ. Гьале жакъа нилъ руго кIудияй ясалъул рокъор. Гьалъие камураб жоги щибго гьечIо. Гьаниб букIине буго рохелги, яс кьолей йиго ригьнаде, хадуйго кьезе гIун йиго гьитIинайги. Машааллагь, гьабе абе ТIадегIанас кумек киналго нижер лъимал унго-унгоял гIадамаллъун рахъине. БукIине те гIицIго хIажатаб, цIикIкIарабги кIваричIо. Бечелъиялъ, гIемераб гIарцуца лъикIалде рачунаро, хIалалаб гьеб букIине рес гьечIелъул. Нилъер умумуца гIумру бацIцIадаб захIматалдалъун гьабулеб букIана ва бечелъизе гьезул анищги букIунароан, гьезда лъалеб букIана тIокIлъиялъ лъикIалде рачунареблъи. Росги дунги гIумруялъ хIалтIана гIатIидаб рукъги рукъ цIурал лъималги рукIине бокьун. Нижеца гьеб гIетIги тIун гIуцIана ва мурадалдеги щвана. Нижер ункъоял лъимал гIумру гьабун Дербенталда, кIигоял МахIачхъалаялда руго. Кидал рукIаниги гьел росулъе руссине бегьула ва гьеб мехалдаги нижер рокъобе нуцIа рагьараб буго.



Бокьун буго бицине дуе дир росасул хIакъалъулъги, жинцаго гьес жиндирго хIакъалъулъ киданиги бицунаро. Лъалищ, дун учителаселъидал кьун йикIарай. Дида ракIалде ккolaроан гьес дие тарбия кьезе батилилан. Дидаса гьев анкьго соналъ кIудияв вуго ва гьев лъугьана дир тIалаб-агъаз гьабизе. Кинай лъадуеха гьединаб гьуинлъи бокьилареб? Амма дидаги кидаго кIочонароан дидаго тIадал ишал тIуразаризе. Лъимал гьаруна гьесие бокьаралгIан, лъабго васги лъабго ясги – балагье бащад ккезарураб куц Аллагьас гьел. Сардалги къоялги школалда тIамулев вукIарав дир ХIажимухIамадица лъималазул ургъел гьабизе кколароан, гьел дица тIуралел рукIана. ЦIализеги нижер лъимал лъикIал рукIана. Дицаги гьоркьохъеб школа лъугIизабуна. Анищ букIана тохтурлъун яхъине, амма эбел-инсуе дир цIали хIажалъичIо, гьез дун росасе кьуна.

## КИНАЛЪУХЪГО БЕТIЕРГЬАНАСЕ ШУКРУ ГЬАБУЛА

Дир дагьабниги ракI бухIичIо. ГIумру гьабуна бацIцIадаб, лъиданиги рухIдаллъичIо, хIалтIана къасилъи-къадлъи гьечIого. Лъалищ, гIадамазда кинабго бихьула ва гьезул адаб-хIурмат гьадинго букIунеб жо гуро. Росуцоязе баркала, гьез чанцIулго йищана дун росдал администрациялъул бетIерлъун, иш букIана жавабияб. Чанги букIунаан дир рахъ ккейилан гIадамазда гьаризе кколеб мехги, хIалтIизе кколаан гIемерай, гIадамал рахъинарун тIуразе кколел ишалги рукIунаан. Руччабаз рессулаан халичаби, киназго цадахъ рахъун гIезарулаан ахал, ралаан минаби. Нижер администрациялде гьоркьобе унаан лъабго росу. Дица хIаракат бахъулаан ракIбацIцIадго хIалтIизе. Рукъалъул хIалтIи гIемериселъ росасги лъималазги тIубалаан.

ЦIакъго хIалтIизе захIмалъидал нахъе ана дунго, амма ишго гьечIого чIезе кIвечIо, лъугьана росдал магIишаталъул нухмалъулейлъун. Ельцинил заманаялъул 90 абилел соназда гIемерал гIадамазул гIумруги чIвана, магIишатги кIалагъоркье ккана, колхозал – совхозалги риххана, халичабазул фабрикалги къана ва гьеб киналъго квешаб асар ракIазеги гьабичIого хутIичIо. ГIемераб заманаялъ бичIчIулеб букIинчIо дида щиб хадуб букIине бугебали, амма киназдаго жидеего иш батана. Квеш ккараб иш букIана гIадамазулъ хьантIи, щцин, жахIдалъи, вахIшилъи бижи. ГIемеразда кIочана щивасул гIумру гIицIго жинда бараб букIунареблъи.

Дида бихьулеб букIана росуцоязул лъимал рохьазде унел ва гьеб талихIкъей эбел-инсуца балъго гьабулеб букIин… ТалихIкъейин абуни гьеб букIана киназдаго хьинтIулеб. ЗахIматаб жо букIана доб заманаялда бацIцIадго гIумру гьабиги. Нижехъа гьебги бажарана. ГIемерал хъизаназухъа бажаричIо жидерго лъимал квешал ишаздаса цIунизе ва гьелъ къезабуна гIемерисезул талихIги. Лъидаха лъалареб лъимер араб бакI лъачIого тIагIаразул букIунеб хIал. Дагьабги захIматаб хIал букIинарищ мекъаб нухде ккезе лъимер гьукъизе кIвечIеб мехалда.

Нилъеца кIвар кьезе ккун буго тIаде гIолеб гIелалда нилъерго гIадатал малъиялде. Росасдаги дидаги лъалаан нижер щибаб лъимадул дунялалде бугеб балагьи, гьез гьарулел пикраби, анищал. Рос тIубараб къоялъ школалда вукIу-

наан ва гьес ракIги жанги кьолаан школлъималазе, лъикIаб бухьен чIезабулаан гьезул умумузулгун. Директорасул заместительлъун хIалтIулев вукIиналъ гьев гIемерал цIалдохъабазухъе рокьо-рокъове щолаан, лъазабулаан гьезул бугеб ахIвал-хIал.

Дица чанги дидагоги абула: Декабрина щай дуе киналъулго ургъел гьабиян. Гьеб батизе ккола тарбиялда бараб жо. Инсуца нижеда кидаго абулаан: нужеда кIочене бегьуларо, гIадамазе рахIат толаребщиналъ нужеегитезе бегьуларо, нужер рукъалъул нуцIа росуцоязе рагьун букIине ккола, ракъаразе чедги къваридазе ракIги кьезе барахщизе бегьуларо ян.

Нижецаги кидаго гьез малъухъе гьабулеб букIана. Нижер рукъалъул рагьу киданиги рахалароан. Лъималазда лъалеб букIана гьоболасул хьитал чорокго тезе бегьулареблъи. РакIалде ккола гьелдаса байбихьулин магIарухъ тарбия кьей.

Гьеб киналъгоги бихьизабула нижеца гIумру гIадада гьабичIеблъи. Гьелъул кIвар цIикIкIараб буго кIудиял трибунабазда гIодор чIеялдаса. Дица гIемераб пикру гьабула, ХIажимухIамадги дунги талихIал ругилан, нижер лъимал гIадлуял гIунин. Лъида букIаниги гьеб бигьаяб иш бугилан ракIалде ккани, гьев мекъи вуго. Гьебги ккола хIалтIи: дуда бичIчIизе къваригIуна бухIараб бакъукь хури гьабулебго гIадинаб хIалтIи лъималазе тарбия кьеялъулги букIин. БичIчIизе къваригIуна дур лъималги, умумулго гIадинал, гIадлуялда хьвадулел, яхI-намус бугел гIезаризе кколеблъи.

## АРАБ ЗАМАНАЛЪУЛ, ЖАКЪАСЕЛ ВА РУКIИНЕСЕЛЪУЛ ГIАДАТАЛ…

Дир росас лъималазда кидаго абула, цIали – гьеб гIицIго лъай босилъун гуребги, чиясул жиндехунго бугеб хIурматги кколин ва гьелъ, ай специалист вукIиналъ, гIадамазе рес кьолин чияр кумекалде ккечIого гIумру-яшав гьабизеян.

Гьединго нижер хъизаналда цIунула лъикIал гIадаталги, гьелги цохIо церехун ратарал гурел, нижерго гIумруялда рижаралги. Нижер буго «кIодол къо» абураб байрам ва гьеб къоялъ киналго лъималги гьезул лъималги рачIуна нижехъе, бицуна жидер хIалтIул, цIалул, ай гIумрудулги цогидал ишазулги хIакъалъулъ. ЛъикIаб хабар ккола гьениб, ракI-ракIалъулаб.

Дида лъималазги ва гьезул лъималазги абула дур ракI бахIарго бугилан. Гьеб битIарабги буго! Гьезда жеги лъаларелъулха ракI кидаго бахIарго хутIулеблъи. Херлъула гьумер, заманаялдаса унтула бохдул, бахуна бидул тIадецуй, сардилъ тIеркIезе байбихьула ракIалъ ва чанги букIуна кIалъазе бажарулареб ва лъугIанин гIумруйилан ккараб мехги. Хадубги унти сасуна ва нилъеего абула, лъугIун гьечIин жеги гIумру, къисмат букIун бугин жеги хинкIал квинеян.

## ХIАЖИМУХIАМАДОВАЗУЛ ХЪИЗАНАЛЪУЛ ТАЛИХI

Унго-унгоги буго ХIажимухIамадовазул цIакъго гьуинаб ва гъункараб хъизан, бегьила гьезда рухIдаллъизе. Гьениб щивасда лъалеб буго захIматалъул къимат, гьез цIунулеб буго хъизаналъул гIадлу ва хIаракат бахъулеб буго жидерго яхI-намусалъул кьучIалда гьоркьоблъи кквезеги. ХIажимухIамадовазухъе ниж щвараб къоялъ гьел ратана кIудияй ясалъухъ ракIарун. Нижеца гьезул киназулго лъай-хъвай гьабуна ва киналго ругоан гIаданлъи, сабру бугел гIадамал, гьез тIадегIан кколеб буго кIудияб жидер тухумалъул къадруги гьелъул гIасрабаз церегоялдаса лъугьарал гIадаталги. Гьанжесеб заманаялъул гIадамал рукIаниги гьезда кIочонел гьечIо гIагараб ракьалъул лъикIал гIадаталги умумузул гIумруги, хирияблъун буго гьезие рижараб ракьги. Декабринаца елъулаго абуна жидер лъималаз гьанжеги гьабулебщинаб жо эбел-инсуда дандбачIого толаро ва байбихьуларо.

- КIудияй яс Зумриятица лъугIизабуна Дагъмедакадемия, - ян бицана гьелъ, - дирги букIиндалха гьира тохтурлъун яхъине, дие гьеб данде ккечIо, амма яс яхъана. Гьей йиго лъикIай тохтур, гьей йокьула гIадамазе. Гьелъул руго лъабгоял лъимал, гьезги лъугIизаруна вузал, буго киназулго хъизан ва хIалтIи – пиша. Мадина ккола учительница. Гьелъги инсуцаго гIадин гIагараб мацI малъула школалда. Гьелъулги буго лъабго лъимер, кIиго ясги васги, цояй яс цIалулей йиго ДГУялъул экономическияб факультеталда, кIудияй яс гьелъулги мугIалим ккола, васги вуго школалда цIалулев. Наидаца лъугIизабуна химиялъулгун-биологиялъул факультет, гьелъулги лъабгоял руго лъимал, кIигоял ккола педагогал, вас цIалулев вуго ДГУялда. КIудияв вас Муслимица лъугIизабуна экономическияб факультет. Гьев нижер ккола ишалъул чи – бизнесмен, абун елъана Декабрина. – Нижер хъизаналда гьечIо цоги гьединав чи. Гьесул ясалъ гIумру гьабула Москваялда. КIигоял лъимал цIалулел руго вузазда. Вас Максимица лъугIизабуна Саратовалъул рагъулабгун – медицинаялъул академия, гьев ккола подполковник, хIалтIулев вуго Моздокалъул госпиталалда начальниклъун, щвана гьесие Осетиялъул мустахIикъав тохтур абураб хIурматияб цIарги, руго рагъулал щапакъаталги. Гьесулги лъабгоял лъимал школалъул цIалдохъаби руго. Назлимица лъугIизабуна ДГПУялъул физкультурияб факультет. Гьесулги лъабгоял лъимал школалда цIалулел руго.

Гьединго Декабринаца гьарана нижеца гьаб макъалаялда жидер нусабазулги дурцабазулги хIакъалъулъги бицейилан. Гьелги ругоан ХIажимухIамадовазул хъизаналда гъорлъ рекъарал ва гьезие лъималго гIадин хириял гIадамал. Ахиралда нижеца гьикъана, цоги щиб мурад бугеб ва талихIайлъун рикIкIунейищ жийго абун. Гьейин абуни гIажаибго ялагьана ва бегьилищилаха жий талихIай гьечIилан абизеян данде суал кьуна.

**ГIайшат ТАЖУДИНОВА**



# РагIи кьола гIумру гьабизе…

Хадижатие тIубараб къоялъ рахIат толеб букIинчIо радал Москваядаса бачIараб ахIиялъ. Дианал гьаракь гьелда бачIинахъего лъачIо. Жиндир вукIарав росги гьесул лъадиги гьелда анцIгониги соналъ рихьун рукIинчIо.

Дианаца абуна: «Дибирил иш лъугIана, гьесул ракI унтун буго ва цокIиго моцIидаса базе батиларо. Анкьидасан больницаялдаса къватIиве виччалев росасда аскIой йикIине дир рес кколеб гьечIо, командировкаби рукIун, ва гьев къватIиве виччалеб къоялъги ине кколей йиго Казахстаналде. Гьединлъидал, лъималаз гьабе абе инсул тIалаб, гьес гIемераб заман базе гьечIелъул чIалгIине ватиларин» - ян.

Йиххун лъугьарай Хадижатида батичIо гьелъие кьезе жавабги, хехдаризе лъугьана ракIги: унгоунгойищ Дибирил иш квеш бугеб? Трубкаялда жинир рахъана гьеб гIодоб лъедал рукIунел сасал ва гьей чIаралъуйго хутIана гIемераб заманаялъ…

Дибирица хъизан анцIго соналъ цебе, бищунго гьелъие жив къваригIараб заманаялда тана – лъимал гIун рукIана рукъалде руссинаризе. Хадижатица гьабизе ккана киналъулго ургъел. Балагьана хIалтIи, бичана кIудияб квартираги, бараб минагун дачаги ва ккураб рокъоб лъималгун гIумруги гьабун гIарац хIалтIизабуна даран-базаралъе.

Гьелъие кумек щвана хIалбихьи бизнесалъул букIарай гьалмагъ Тамарал ва рагьана Турциялдаса къайи бичулеб тукен. Даран-базаралъул дагьабго хIалбихьи Хадижатие Дибирида цадахъ йигеб мехалдаго щун букIана, цохIо гьев хIалтIун щвараб гIарац хъизан хьихьизе гIолароан.

Дибир нахъе аралдаса Хадижатил захIмалъаби дагьалги цIикIкIана. Гьес кумекги гьабулеб букIинчIо. Амма гьелъухъа бажарана лъимал хьихьизеги, гьел тIуразеги, гьезие лъай щвезабизеги. Гьанже гьелъ гIумру гьабулеб букIана гьитIинав вас Сулеймангун ва кватIичIого, кредиталъ босараб жидерго квартираялде рахъине ракIалда букIана.

Лъималазул бугеб хIал Хадижатица Дибирида рагIизабулеб букIана гьесул яц ГIашураеги бицун. Гьес ургъел гьабичIого таниги, гьелъ жинда тIадаблъун рикIкIунаан лъималазул инсулгун гьоркьоблъи цIунизе.

Жиндир заманаялда Тамараца гIемераб хIаракат бахъун букIана гьеб ригьин гьабизе биччангутIиялъе:

- Щай дуе гьев пакъир, тIаде жоялъе ункъоял лъималгун? Дур буго кинабго – хIалтIи, кIиго квартира, минагун дача. Дуего гьабе гIумру, хьваде дунял бихьизе. Яги дагьав мадарав чи валагье, кинабго бугей гIаданалъе рос щвезе захIмалъуларо!

- Тамара, дуда лъалагури, дие кидаго кIудияб хъизан букIине бокьулеб букIараблъи. ТIоцебесеб ригьнада дие бетIергьанас лъимал кьечIо, гьалин абуни руго эбел гьечIел бесдалал. Дибирги квешав чи гьечIо.

Тамара чIолей йикIинчIо:

- Чиярал лъимал нилъераллъунго лъугьунаро! Бихьиналги баркала

лъаларел жал рукIуна. Гьезие рокьула тIадагьал ва гогьал руччаби, мунгIадинай, пайдаги босун рехун тола…

Гьеб битIарабги батана, амма лъималазулгун Хадижатил гьоркьоблъи ккана. АнцIго сонги цадахъ бан Дибир хъизанги тун нахъе ана, жиндир цогидалъухъ рокьи ккун бугила, гьанже бичIчIанила жинда рокьиянги абун.

- Бокьун гьечIо дие тIолабго гIумру лъималазе кьезе. Лъала дуца дир лъималазе гьабурабги, дун дуда цеве бецIизе кIолареб налъукье ккана…

- Дир дагIба гьечIо, Дибир. Амма лъимал рехун тоге. Гьезда цадахъ вукIа, гIолел гьезие мун чара гьечIого къваригIуна.

- Щай Дианае дир колхоз къваригIараб? МунгIадинай вали цоги ятиларо. Амма дуеги гIун буго гьанже! БитIараб жо, лъимал гIолел руго, гьез бетIербахъи жидецаго гьабизе бегьула. Бищун гьитIинай яс, дир яцалъ ина жиндихъего ячун …

* * *

Дибирги Дианаги данделъана. Байбихьуда гьев гьелдаса кутакалда вохун вукIунаан, амма заманаялдасан байбихьана гьелъулъги гIадатияй Диана йихьизе ва гьелъие гIоло лъималги хъизанги рехун тей мекъаб букIараблъи бичIчIизе. Лъадилъун яхъиндал Дианаца байбихьана машгьураб доб «ЧчугIихъанасул ва ччугIил хIакъалъулъ маргьаялда» гIадин чIечIого гIемераб жо гьесухъа тIалаб гьабизе. Бащдаб лъагIалидасан Дианае гьалмагъзабаз балагьана Москваялъул цо фирмаялда хIалтIи. Дибирги гьелда хадув довего ана.

Москваялда Дибир байбихьуда щвара-щвараб хIалтIи гьабулев вукIана. Хадув цо дагъистанияс гьев жиндаго цадахъ бизнес гьабизе вачана, лъабго соналдасан гьес гьениб босана лъабго рукъалъул секция, лъикIаб машина ва Дианагун ресалда рукIана.

Дианаца гьаюна яс, амма моцIалъги гьелда аскIой чIезе бажаричIого хьихьизе чи тана, жиндиего щолеб харжалдаса яс хьихьаралъе кьолеб мухь гIемерго цIикIкIаниги.

Дибирида хехго бичIчIана, жинца хъизан-лъималги рехун тун, Диана ячин кIудияб гъалатI гьабураблъи…

Больницаялда вукIаго, гьес цебе чIезабулеб букIана жиндирго араб гIумру: кинаб гьаглъиялъ гьев тIамурав, гьададинай лъикIай лъади Хадижатги гIагарал лъималги тун нахъе ине, кин гьеб бажарараб? – абун ургъулев вукIана Дибир.

Цо къоялъ Дибирида рагIана лъадулги жиндирго гьудул ва ищцояв Анварилги хабар. Гьелъ досда абуна жинда росасул тIалаб гьабун йикIине кIоларин.

- Батани хасал гIадамазул хосписалда лъезе вугоха гьев. ГIарацги Дибирил бугилан ккола, - ян абуна Анварица.

- Щибниги гьечIо гьесул, гIицIго квартира гурони, гьеб буго гьес анцIго сон барай ясалъе тезесеб, - ян йиххун абуна Дианаца. – ГIарац букIана, амма гьеб Дибирица жиндирго лъималазе битIун батизе ккола.

Дибир гIажаиблъун вукIана: больницаялде ккелалде цебе гьес кинабго гIарац рехун букIана Дианал карточкаялде. Щиб гьес гьанже абизе кколеб лъадуда? Щибго абичIого живго нахъе ине лъикIаб букIина…

Дианал лъазабиялдаса хадуб, Хадижатица киналго лъимал данде гьаруна ва бицана Дианадасан рагIараб. Киналго рахIат хун лъугьана.

- Дибир дица хьихьизе вуго щиб кканиги, хIатта нуж данде ругониги. Кумекги гьабичIого тезе бегьила, дицаго рукъги ккvела…

- ХIажалъиларо рукъ ккезе, гьаниб бакI гIела, - ян абуна Сулейманица. Москваялдеги дун вильльина дуда цадахъ…

… Дибирида макьу щолеб букIинчIо, ботIролъе рачIунел рукIана цо-цо кьогIал пикраби. Анварица гьев гIодовиччазавизе бахъулеб хIаракатги гIададисеб букIана:

- Хосписалда дуе дару-дарманги, дур тIалабги гьабила. Дицаги мун рехун теларо. Амма, бице, кий дуда гьай лъади ятарай? Тушманасецин щвезе бокьиларо гьединай!

… ЖанахIалда рагIана гIадатияб гуреб хъуй – дежурствоялда йикIарай медсестра нуцIил кIалтIа цо щивалигогун дагIбаялда йигоан.

- Унтаразде тIаде къабул гьари кIиго сагIаталъ цебего лъугIана. Бегьуларо гьанире!

- Щуго минуталъгIаги риччай, ниж рикIкIадаса рачIарал чагIи руго, - ян гьарделей йикIана гьелда цо гIадан. Гьелъул гьаракь рагIараб бугилан ккана Дибирида, Хадижат гуродай гьей? Амма гьей йикIине рес гьечIо!

Къанщун бералгун вегун вукIана Дибир ва циндаго, Хадижатил цIорораб, тамахаб квер хъвана гьесул цIа рекIараб гIадинаб надалда…

- ТIаса лъугьа, - ян абизе бажарана Дибирихъа, Хадижатица гьоркьов къотIизавуна:

- Сулейманги дунги рачIун руго дуда хадур. Рокъор духъ ралагьун руго лъимал, нусал, дурцал ва гьезул лъималги.

- Дихъа кинго бажариларо дирго гIайиб бецIизе, - ян абун Дибирица хIаракат бахъулеб букIана рекIел хIалги бахчун магIу ккезе. – Кин дица лъималазда гьарилеб тIаса лъугьаян?!

- Гьабуге квешаб пикру, Дибир. Цебе чIезабе дурго лъималгун дандчIвай ва гьеб мехалда хвел кIочон тезе букIин! Щулалъидал рилъльина росулъ бугеб гIагарлъи бихьизе, умумузул хабал рихьила. Дибирица хIухьел гъваридго цIана – гьелъ бицунеб букIана гьесул ахирисел анищазул.

- Дун кватIичIого хвезе вуго, Хадижат. Щайха дие гьанжеги гьебгощинаб ургъел дуде бегизабун? ТIадеги дир хвел-хоб тIубайги, – абун гьимана гьев – дие лъикI букIина гьанивго чIани. Анварида батун буго хоспис, гьенив дун вукIине бегьула ахиралде щвезегIан. Заман гIемераб хутIун гьечIилан абуна тохтурзабаз…

- Тохтурзабиги Аллагь-аварагал гуро, Дибир – ян вуцIцIинавуна гьев Хадижатица. Чиясда ракIалде ккола, хIукму БетIергьанас къотIула. Тохтурзабазда гьедин ракIалде кколеб буго, амма Бичас щиб хъван бугебали щиб гьезда лъалеб? Гьесул кумек гьарила нилъеца.

…Жиндир гIурал лъимал рихьидал Дибир мацI къотIун хутIана. Гьес гьезда киназдаго къвал бана…бадиб бугеб магIуги бахчулаго.

БакIалъулал онкологазги тасдикъ гьабуна Москваялъулазул диагноз, амма Дибир къойидаса къойиде лъикIго лъугьунев вукIана, гьедин ана моцIал. ТIаде бахана цIайиги, сасана унтиги, черхалда рухIин абуни букIинчIо. Гьебги бихьун кIудияв тохтурас абуна:

- Гьеб унтиялъ унтаразул гьединаб хIал цо-цо къоял лъугIилалде цебе букIуна, цин гвангъун, цинги свине лъугьуна гьел…

Дибирилги щаклъи букІинчІо тохтураз бицунелда, гьесда лъалаан метостаз букІин, амма кІигоян абураб бакІалда микьго моцІ сверидал цо дагьабго божиги бижана…

… Хадижат щибаб эркенаб минуталъ гьесда аскІой йикІана. Гьабулаан гьесие бокьараб квен, рачунаан гьесухъе лъималазул лъимал, гьесие гьел рихьизе рокьулеблъиги лъан. Къаси-къаси унаан гьевгун паркалде, ракІалде щвезабулаан лъикІаб заман, цадахъ арал сонал.

Цо къоялъ Дибирихъе рачІана Москваялдаса гьалмагъзаби. Унелъул Анварица Хадижатихъе кьуна гІарац жаниб лъураб конверт. КигІан Хадижатица инкар гьабуниги, хІажат гьечІин абуниги, течІо гьес гьеб кодоб къазабичІого.

- Ниж гьесие чиярал чагІи гуро, Хадижат, гьев вуго нижер вац, - ян абуна Анварица, ва хадубги тІаде жубана: - Гьединаб хІалалда вукІаниги Дибирида рухІдаллъизе бачІунеб буго, гьей мунгІадинай лъади аскІой йигев! Гьединалда аскІов хвезеги хІинкъиларо!

Дибирил мадар лъугьунеб букІана, амма Хадижатида бихьулеб букІана гьев пашманго ургъалилъ вукІин. Гьелъул суалазе гьес битІахъе жаваб кьолеб букІинчІо, пикраби дандразе ургъел бикьизе лъугьунев вукІинчІо. Вацасул бальголъи Хадижатие рагьана Дибирил яц ГІашураца: гьев чІалгІун вукІана гьитІинай ясалъухъ.

- Гьанже каникулалги руго, щиб лъалеб, Дианаца Лейла дихъе йиччани, - ян абуна ГІашураца. – Дур дандечІей букІинищ гьелъие Хадижат?

- Дирни букІинаро, амма йиччаладайха?

Хадижатида кколеб букІана цохІо йигей яс Дианаца киениги йиччаларилан, амма гьей мекъи ккун ятана. Дианаца яс ункъачухъе йиччана ва гьелъ жиндирайлъунго хъвазеги лъикІаб букІинааниланги бичІчІизабуна. Абуна, жий цІакъ заман гІоларого йигила ва ясалъул тІалабагъаз гьабизеги регІулей гьечІила. Рокъой хІалтІизе ккурай гІаданалда цееялдаса, ясалъе ункъачухъ йикІин лъикІаб букІинилан.

- Дицаги гьей йосилаан валлагь тІаде, амма росасе къабуллъизе гьечІо, гьев ругьунлъун вуго лъимал гьечІого, - ян ГІашураца абидал, Хадижат дагьалъ ургъана ва абуна:

- Дианал дандечІей батичІони, гьей нижгун йикІине ккола, кватІичІого ниж Дибиргун цІияб квартираялъуре рахъунел руго, - ян.

Диана бигьаго разилъана яс росасул хъизаналда тезе, гьелъул ясалде регІараб хІал букІинчІо – байбихьун букІана цІияб балай.

Хадижатги ГІашураги ун, аэропорталда дандчІвана Лейла. Яс цодагьай хІинкъарай гІадин йигоан, амма Хадижатица къвалакьеги ячун, кватІичІого гьай вац-яцалгун дандчІвазе йигоян гІодое йиччазаюлей йикІана. Амма киназдасаго цІикІкІун урхъун, гьей ячІиналъухъ валагьун эмен вукІана. Инсул хІакъалъулъ рагІидал Лейла гІодана: гьев вукІана гьелъие ракьалда цохІого цо гІагарав чи.

Хадижатица кІудияб хІаракат бахъулеб букІана яс жидедего ругьун гьайизе. Гьелъ цІикІкІарал лъималазда бичІчІизабуна лъимадул кинабгІаги гІайиб гьечІин, гьей гьезул яц кколин ва кумек гьабизе тІадаб бугилан.

Лейлаеги инсул рокъоб кинабго къабуллъана. Вацал-яцалги гьелде ругьунлъана, гьезул лъималазеги гьей йокьана, хасго гьелдехун недегьго йикІунаан гІолохъанай ункъачу. Хадижатица гьел киназулго тІалаб цадахъ гІуразул гІадин гьабулаан…

ТІоцебесеб сентябралъ Лейла школалде тІойитІизе хІадурлъулел рукІана Хадижатги Дибирги, амма ахирисеб минуталда гьес жив цо лъикІ гьечІого лъугьун вугиланги абун рокъов чІана. Гьесул ургъелалъ Хадижатиеги рахІат букІинчІо школалда линейка лъугІизегІан.

Рокъое щведал Дибирица абуна жинда аскІой гІодой чІайилан.

- Дуе квешищ бугеб, Дибир? – илан рахІат хун гьикъана гьелъ.

- Гуро, дие бокьун буго дургун Лейлал хІакъалъулъ хабар бицине.

- ГІададисеб бугоха, хирияв, дур рахІатхвей. Лейла ккола нилъер хъизаналъул бищунго гьитІинай яс, диеги чиярай гуро гьей. Лъималазеги гьей йокьана ва къварид гьайизе гьечІо кидаго, нилъ камидалги.

Дибирица бетІер гьанкІезабуна:

- Абуге гьедин, Хадижат. Дун ина, амма дуца хІаракат бахъе халатаб гІумру гьабизе. Мун нилъер лъималазе, хасго Лейлае къваригІине йиго. Цоги щивниги гьечІелъулха гьелъул. РагІи кье дие гьей рехун теларилан. Лъала гьеб дуда гьаризе дир ихтияр гьечІо. ГьечІониги гьарулеб буго…

Цо къоялъ киналго лъималги рачІун Хадижатги Дибирги халатаб заманаялъ рукІана рагъида хабаркІалалда. ГІемераб жо ракІалде щвана гьезда гьениб, таманал рельароххана…

- Хадижат, мун йиго дунялалда бищунго лъикІай гІадан… Жакъа Анвар кІалъалев вукІана ва дургун букІараб дандчІвай ракІалде щвезабуна. Гьес абуна, гьединай гІадан жинда гІумруялъ дандчІван йикІинчІилан. Гьев витІаравги вуго. Мун йиго лъикІай ва валияй гІадан. Дун дуе мустахІикъав вукІинчІо, тІаса лъугьа. Дур бикъараб анцІго соналъухъ тамихІги дие мустахІикъаб кьуна. Гьелъухъ батила БетІергьанас дида гьаб кІал гьикъараб… Амма баркала буго Гьесиеги дие ракІ парахалъун ва талихІавлъун ине рес кьуралъухъ…

… Дибир хваралдаса ана кІикього къо. Хадижатихъе жеги зигаралъе рачІунел камулел рукІинчІо. Лейлаги гьелда аскІоса ятІалъулей йикІинчІо. Цо нухалъ жалго хутІидал ясалъ гьелда гьикъана:

- Гьанже, эменги гьечІелъул дуца дун Москваялде йитІизе йигищ, баба?

- Дуе бокьухъе гьабилаха, дир яс.

- Дие бокьун гьечІо дое ине, - йилан хІалакун жаваб гьабуна Лейлаца. – Бегьилищ дун гьаний дуда аскІой чІезе?

- Дунги йохарай йиго, дарман, мун дида аскІой чІани, мун гьечІони дунги бесдалго йикІина гьаний, - абун гьимана Хадижат ва яс къвалакье ячана. Ясалъухъ ялагьун Хадижатида бихьулеб букІана кигІан инсуда релълъарай яс гьей йигеяли – долго берал, долго кІутІби. Гьелъие Лейла кутакалда хиралъун йикІана, йокьулаан сонал цадахъ рарал чІахІиял лъималго гІадин гьейги.

Щибха гьабилеб… ГІумру гьабичІого гІоларо, Дибирицаги гьарун букІараблъидал жиндие гІунги гІумру гьабеян, мун нилъер лъималазе хІажалъулилан! Гьелъги гьесие рагІи кьун букІана халатаб гІумру гьабизе…

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**

# КIАЛГIЕДЕРАЗЕ

*Шамил МУХIИДИНОВ*



Мун а! Киве? Катанзилъув.
КидаллъагIан? ЛъагIалица.
ЛъабгIин босе гIанкIий кьезе!
Эб киб бугеб? Гибинибха.
Щиб гьабулеб? Рахь чIикIулеб.
ЧIикIвагъудал кирха ругел?
Гъудуз хъамун зодор руго.
ГIодор кидал дол рачIунел?
РачIчIал къуркъбуз хьвагIун хадуб.
ГьечIел рачIчIал кин хьвагIулел?
Хьвани доле, долъул босун.
Долъ кьечIони щиб гьабилеб?
Гьорол тIинчIалъ бахъиларищ.
Гьелъул къуват гIечIонани?
ГIункIкIал хIалай рачIинарищ?
ХIал гIечIони щиб гьабилеб?
Гьарун кьезе бегьиларищ?
Гьедин кьезе бокьичIони?
Наккдахъ хисун босиларищ.
Сумищха цIакъ къуватаб жо?
Къуват бугес бекула гьеб.
Бекизе гьеб кIвечIонани?
Кутак щвезе чай гьекъела.
Чай катица гьекъе абе.
Гьеб абизе гурищ дица…
Мун а! Кибе? Катанзилъув



## РагIикъотI






1. Гьанги чедги чIамизе ниж гьечIого гIоларо.
2. Инсанасул сипат камил гьарулел беразда тIад ругел кьоязда цIар щиб?
3. Бокьани гъал хьухьуна, бокьани гьурщун тола, ясал берцин гьарулеб гьалда цIар бице, лъимал.
4. БетIер кквезе бижараб гьаб логода цIар лъалищ?
5. Цаби хIалтIизе ккани, кIал багъаризе ккани, кIудияб кумек бугеб гьалъулги бицеха цIар.

*(1. Цаби, 2. Кьунсрул, 3. Рас, 4. Габур, 5. Нилъу)*

# Журнал в журнале



# Симба



*(Рассказ)*

Тавсултан САИДОВ

Удивительный кот был у дяди Ахмеда, моего сельского пожилого соседа и неутомимого садовода. Он был не совсем диким, так как время от времени он не только возвращался домой, но и внезапно появлялся во дворе и ловко устраивался на коленях у дяди Ахмеда, который сидел на большом пне грецкого ореха и любовался своими цветущими яблонями. Кот и хъозяин любили отдыхать вместе.

Хотя кот и выглядел как маленький леопард, (он был породы бенгальский охотник), он любил ластиться к своему хозяину. Как дядя Ахмед погладит его по гладкой спине, так сразу начинал тихо мурлыкать. Ловил птиц, крыс, змей и приносил домой, чтобы дядя Ахмед посмотрел на них и оценил его способности. Ахмед ругал кота, когда тот приносил домой пойманных птиц: горлиц, ворон и добродушных голубей. Но кот и не собирался слушать своего хозяина и менять свои охотничьи повадки. Как-то раз, когда кот поймал воробья, дядя Ахмед сильно поругал его, и он, обидевшись, две недели не появлялся во дворе.

Звали кота Симба. Соседские дети любили его за смелость и за его необычайную красоту, на самом деле кот был очень похож на леопарда: если у других кошек на спинах и боках бывают черные и белые полоски, то у Симбы были красивые овальные пятна коричневого цвета. Тело было длинное и очень гибкое, задние ноги гораздо длиннее передних, что делало кота сильно похожим на своих диких собратьев. И взгляд был очень пристальным, как будто фотографирует тебя. А как разозлится, издавал как будто львиный рык.

Чаще всего его можно было видеть на деревьях в саду дяди Ахмеда. Он там прятался и караулил птиц. С первого же броска он ловил птицу, кроме того, он мог ловить и мух на лету. Игрался с разноцветными бабочками, которые порхали возле розовых кустов в саду дяди Ахмеда.

В жару кот растягивал свое длинное тело на земле, широко раскрывал пасть, и тогда показывался острый, длинный кроваво-красный язык между сверкающими белизной острыми резцами. Симба давался в руки только своего хозяина и брал пищу только из рук дяди Ахмеда.

- В одну ночь я проснулся от шума и криков и быстро выскочил во двор. Возле моего дома через дорогу начинаются колхозные виноградники, - рассказывает дядя Ахмед. – Смотрю, мой кот держит в зубах еще живого зайца. Бедный заяц пытается вырваться и убежать, но Симба крепко держит его зубами. Оказывается, я проснулся от криков зайца. Виноградник огорожен забором, вернее, железной сеткой высотой полтора метра. Я быстро подбежал к забору и с трудом приподнял нижний край сетки, и кот с зайцем выскочил на дорогу и стоит, ждет меня.

– Ты, наверное, шутишь, – говорю я соседу, не веря его словам. Заяц же крупнее твоего кота, как он мог поймать и еще притащить его домой?

– Я сам удивился этому, но я говорю правду. Я зарезал зайца, снял шкуру, мясо же разрезал на куски и положил в холодильник. Все это время кот стоял рядом со мной и следил за моей работой. Я пошел спать, но кот все еще сидел рядом с холодильником. Утром я пожарил мясо. Поел сам и накормил кота. Вот таким охотником был мой Симба.

– Почему «был»? А где теперь твой охотник?

– Тебе еще не сказали, что с ним случилось? – удивился дядя Ахмед.

– Что же случилось с ним? Бесхозные собаки разорвали? Волк в винограднике задрал?

– Нет же. Мой кот собак не боялся. Во время стычек с собаками он ловко поднимался на дерево и оттуда смотрел на тех, дразнил. Волков у нас нет, во всяком случае, я про них ничего не слышал, хотя на колхозных виноградниках не раз видел лисиц. Скорей, они также охотятся на зайцев, как мой кот Симба. Сказать тебе, что случилось с Симбой? Сколько времени прошло с тех пор, но его никак не могу забыть. Это был удивительный кот. В один день он вернулся с раной под левым глазом, и сам мне показался необычно крупным. Он с трудом передвигался. Он меня звал в мой сад за домом.

Не поверил своим глазам! Там лежала убитая котом ядовитая змея длиной в полтора метра и толщиной в мою руку у запястья. Эта была самая настоящая гюрза, я её сразу узнал. За год до этого у нас умерла женщина от укуса гюрзы. Это самая ядовитая змея, которая встречается в Дагестане! Редко кто остается в живых после её укуса. Её зубы легко пронзают даже резиновые сапоги. Оказывается, Симба убил её. Но и сам получил смертельный укус от противника, поэтому он так распух от яда гюрзы. Это была для меня очень большая потеря, ведь я любил его, разговаривал с ним, как с другом.

Я долго удивлялся подвигу моего кота. А ведь гюрза могла укусить моих внуков или кого-нибудь из друзей, которые часто ко мне приходят. Симба отдал свою жизнь ради нас. Кому бы я ни рассказал про Симбу, все его жалеют, переживают за него. А поступок его считают за подвиг, – глубоко вздохнув, завершил свой рассказ дядя Ахмед.

Недавно я был в гостях у дяди Ахмеда. Был теплый день. Он сидел в тени под абрикосовым деревом и, как всегда, отдыхал во дворе. Я обратил внимание на котёнка, который из блюдца пил молоко. Котёнок был не из породистых кошек, но довольно забавный: весь чёрный, но с белым пятном на груди, и лапки в белых носках. И самый кончик хвоста был снежно-белым.

- Не могу забыть своего Симбу. Взамен него приютил этого. Вряд ли он станет таким, – заметил он, любуясь котёнком.



# УКРЕПЛЕНИЕ ВОЛОС

**Длительные стрессовые ситуации нередко приводят к перенапряжению нервной системы, что в свою очередь ухудшает состояние и рост волос. В молодости волосы, как правило, не доставляют беспокойства. С годами, особенно после родов и во время кормления грудью, начинаются проблемы с волосами.**

**Главное – следить за своим здоровьем, а также использовать рекомендации по уходу за волосами, приведенные ниже. Тут помогут следующие старинные русские рецепты по укреплению волос.**

## Настойки

**Луковая настойка**

2 мелко нарезанные луковицы залить 300 мл водки и настоять 2 часа. Процеженной настойкой регулярно смазывать кожу головы. Настойка имеет запах, который можно уменьшить ополаскиванием горчицей, разведенной в воде.

**Древнегреческий рецепт**

Уголь скорлупы грецкого ореха растереть со светлым виноградным вином и оливковым маслом в пропорции 1:2:3. Этим составом смазать голову, оставить на 30 минут, затем смыть теплой водой.

**Настойка ромашки**

Для светлых волос укрепляющим действием обладает следующая настойка.

1 столовую ложку ромашки залить 0,5 стаканом водки, настоять в темном месте в течение 5-6 дней и втирать ежедневно в корни волос.

**Настойка петрушки огородной и касторового масла**

1 чайную ложку семян петрушки огородной растереть в ступке или размолоть в кофемолке, добавить одну чайную ложку спирта, а затем тщательно перемешать с двумя чайными ложками касторового масла. Полученную смесь втирать по проборам в кожу головы через день. Курс лечения – 15 процедур. Через месяц лечение можно повторить.

**Крепкий чай для укрепления волос**

Отличное средство для укрепления волос – крепкий чай. Ватным тампоном, смоченным в заварке, смазать корни волос. Лучше делать это перед сном. Споласкивать не надо.

**Настой из крапивы**

Настой листьев крапивы на воде и столовом уксусе (1:5:5) процедить и мыть им голову 2-3 раза в неделю. Курс – 10 процедур. При необходимости через месяц лечение повторить.









**Настой душицы обыкновенной**

Настоем травы душицы обыкновенной (1:10) мыть голову 2-3 раза в неделю. Курс – 10 процедур. Лечение можно повторить через месяц.

**Настой тысячелистника**

Настоем травы тысячелистника обыкновенного (1:10) мыть голову 2-3 раза в неделю. Курс – 10 процедур. При необходимости лечение можно повторить через месяц.

## Отвары

**Отвар из крапивы и мать-и-мачехи**

Листья крапивы и мать-и-мачехи смешать в равных пропорциях. 6 столовых ложек смеси залить литром воды, довести до кипения, настоять в течение 1 часа, процедить. Применять для мытья головы 3 раза в неделю.

**Отвар из листьев березы и крапивы**

Лист березы – 1 часть, лист крапивы – 3 части. 4 столовые ложки смеси залить 1 л воды, довести до кипения, настоять в течение часа, процедить. Применять для мытья головы три раза в неделю.

## Маски

**Маска на основе лука, коньяка и репейника**

Приготовить следующую смесь: 1 часть коньяка, 4 части процеженного сока лука, 5 частей отвара корней репейника. Втереть в кожу головы. Покрыть голову полотенцем для согревания на два часа, после этого вымыть. Повторять еженедельно.

**Маска из хны для укрепления волос и усиления их роста**

Хну в виде кашицы нанести на корни волос и по всей длине, надеть утепляющий колпак. Через 3-5 минут волосы тщательно промыть теплой водой. Нужно иметь в виду, что мягкие, ранее обесцвеченные волосы могут при этом окраситься.

**Маска для укрепления светлых волос**

Столовую ложку хны (без горки) смешать со столовой ложкой кипятка, добавить столовую ложку кефира, пару зубчиков толченого чеснока, 0,5 чайной ложки какао, чайную ложку меда. К полученной массе добавить яйцо и еще раз тщательно размешать. Маску нанести на 30 минут, смыть теплой водой.

**«Звезда Голливуда»**

Желток растереть с чайной ложкой касторового масла, нанести на сухие немытые волосы на 40 минут под компресс. Смыть туалетным мылом. Делать маску раз в месяц. Для жирных волос добавить столовую ложку водки и столовую ложку шампуня.

## САЦИВИ ИЗ КУРИЦЫ



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

*500 г куриного филе*
*2 головки репчатого лука*
*50 г грецких орехов*
*½ стакана гранатового сока*
*кориандр, красный молотый перец, соль*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

Мясо курицы нарезать на порционные куски, положить в пароварку и готовить 25-30 мин.

Смешать измельченные грецкие орехи, кориандр, измельченный чеснок. Добавить гранатовый сок и мелко нашинкованный лук.

Полученный соус готовить на обычной плите (на медленном огне) 10 мин. Добавить перец, соль и готовить еще в течение 10 мин.

Курицу залить приготовленным соусом, охладить и подать к столу, посыпав зернами граната.

## ПЕЧЕНОЧНЫЙ ПАШТЕТ НА ПАРУ



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

*600 г телячьей печени*
*1 морковь*
*1 ст. ложка жареного лука*
*100 г сливочного масла*
*4 яйца, сваренных вкрутую*
*Соль*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

Морковь почистить, печенку промыть и очистить от пленочек. Печень и морковь готовить в пароварке около 40 мин (пока печень не будет готова). Поджарить нарезанный репчатый лук до золотистого состояния (можно оставить маленький кусочек сырой печени и поджарить ее вместе с луком).

Приготовленную на пару печень порезать и вместе с морковью, вареными яйцами, сливочным маслом и жареным луком 3 раза пропустить через мясорубку. Паштет чуть-чуть посолить, хорошо вымесить, выложить в форму и поставить в холодильник. Печеночный паштет можно хранить в холодильнике 2-3 дня.

## СУП-ПЮРЕ МЯСНОЙ ГОРОХОВЫЙ СО СМЕТАНОЙ



**ИНГРЕДИЕНТЫ:**

*1 ½ л мясного бульона*
*750 г свежего гороха*
*125 г сметаны*
*соль*

**ПРИГОТОВЛЕНИЕ:**

Горох очистить от стручков, положить в чашу для риса, залить бульоном и готовить в пароварке 60 мин.

Растолочь горох в пюре, посолить, поперчить и перемешать.

Подавать со сметаной и гренками.



## ЖЕЛТЫЙ ПАТИССОН

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Патиссон – диетическая культура, способствующая лучшему отделению желчи, полезен при гипертензии, язвенной болезни, атеросклерозе, ожирении, болезнях почек. В переводе с французского патиссон означает «пирог растительный». Он является родственником не кабачка, а тыквы. Полезен он и здоровым людям, так как способствует лучшему усвоению белковой пищи и поддержанию щелочной реакции в крови. Желто-оранжевые патиссоны выводят из организма холестерин, замедляют старение, продлевают жизнь.

### РЕЦЕПТ

*Патиссоны с яйцами.* Требуется 3 патиссона, 2 яйца, 4 ст. л. зеленого горошка, соль, перец. Патиссоны нарезать соломкой, добавить вареные рубленые яйца, зеленый горошек с отваром, соль, перец, довести до кипения. При подаче добавить сметану и зелень.

По питательности и вкусу патиссон превосходит кабачок. Из патиссонов можно готовить пюре, икру с кабачками (1:1), вторые блюда, варенье, их можно мариновать, консервировать с томатом, морковью.



## КАРТОФЕЛЬ

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Картофель содержит жиры, белки, углеводы, калий, магний, кальций, железо, витамины. Благодаря содержанию калия он способствует выведению из организма воды и поваренной соли, что улучшает обмен веществ. Картофель рекомендуют при гипертензии, сердечной недостаточности, гастритах с повышенной кислотностью, язвенной болезни желудка и двенадцатиперстной кишки.

### РЕЦЕПТЫ

*Сок. Для очищения организма пить по 100 мл картофельного сока 3 раза в день перед едой в течение 3 недель. Перерыв – 1 неделя, затем повторить. Принимать свежий сок сразу после его приготовления в течение 2-4 минут.*

*Отвар из очистков. При гипертонической болезни хорошо помогает отвар из картофельных очистков. 5-6 картофелин тщательно промыть, очистить, очистки кипятить в 0,5 л воды. После охлаждения пить по 1 стакану отвара в день.*

*Внимание! Картофель – очень калорийный продукт. При склонности к полноте его прием следует ограничить.*



## МОРКОВЬ

### ЦЕЛЕБНЫЕ СВОЙСТВА

Содержание в моркови полезных веществ позволяет использовать ее в диетическом питании и лечении. Особенно ценится большое содержание каротина – провитамина А. При заболеваниях сердца, гипертензии, малокровии, снижении зрения, импотенции рекомендуется съедать натощак по 100 г сырой натертой моркови.

### РЕЦЕПТЫ

Сок. При снижении зрения полезно принимать 1 раз в день ¼ стакана смеси морковного сока, горячего молока и меда в соотношении 5:5:1.

Салат из моркови с семечками. Взять по 150 г моркови и репы, стакан подсолнечных семечек. Семечки прогреть на сковороде, перемолоть в кофемолке и отварить в двух стаканах кипятка. Кипятить не более 3-4 минут, откинуть на сито. Жидкость слегка остудить и смешать с тертой морковью и репой.

Внимание! Употребление сырой моркови и сока противопоказано при обострении язвенной болезни, повышенной кислотности желудочного сока, колите, поносах, фосфатных камнях в почках.

# СОВЕТЫ ХОЗЯЙКАМ

• Гвоздь будет легче вбиваться, если его острие окунуть в растительное масло.

• Алебастр, разведенный молоком, дольше застывает – им легче заделывать щели щеткой.

• Помещение, которое только что оклеили обоями, не следует проветривать несколько дней, иначе обои начнут пузыриться и отклеиваться.

• Чтобы очистить зеркала, можно протирать их ватой, смоченной в одеколоне или спирте.

• Чтобы пыль на темной мебели была менее заметна, пользуйтесь салфетками с антистатическим эффектом.

• Кафельные плитки в ванной рекомендуется протирать уксусом с водой (1:5).

• Чтобы очистить швы между плитками, возьмите щетку и хлорсодержащее средство для чистки унитаза. Через 10 минут плитка будет блестеть.

• Не следует мыть окна с мылом, так как оно образует на стекле пленку, которая плохо отмывается.

• Щетка, смоченная в соленой воде, поможет восстановить золотистый цвет изделий из соломы.

• Паркетные полы будут больше блестеть, если протирать их влажной тряпкой, смоченной в холодной воде с добавлением глицерина (1 ст. л. на стакан воды).

• Прогладьте горячим утюгом лист бумаги с рассыпанной солью, чтобы очистить его от нагара.

• Мягкую мебель можно быстро избавить от пыли, если застелить ее мокрой простыней и слегка выбить.

• Чтобы зеркало в ванной не запотевало, протрите его раствором 1 ч. л. желатина на стакан теплой воды.

• Картины легко очистить с помощью белого хлеба.

• При влажной уборке тряпочку следует слегка намочить кондиционером для белья – пыли будет скапливаться намного меньше.

# ЗНАЕТЕ ЛИ ВЫ?



## МАКАРОНЫ

Макароны (ит. maccheroni) – это целое семейство, в которое входят спагетти, вермишель, лапша, рожки и другие макаронные изделия. Блюда из раскатанного и мелко нарезанного теста известны давно. Китайцы лакомятся ими уже тысячелетия. Знали в них толк и в Древнем Египте, и в античной Греции. Предполагают, что первыми начали сушить макаронные изделия на солнце арабы, придав им тем самым одно из ценнейших свойств – сохраняться продолжительное время без потери вкусовых качеств. Сначала макароны ели руками и только в средние века стали пользоваться вилкой, чтобы спасти от пятен широкие рукава камзолов. По одной из версий собственно макароны были изобретены в Венеции и на местном диалекте означали «выдолбленные». А вермишель (от ит. Vermicelli – червячки) – это неаполитанское название спагетти, не известное и не распространенное в остальной части Италии. Слово «вермишель» было введено в обиход в России в конце XIX – начале XX века русскими писателями и художниками, посещавшими Неаполь. В других странах название «вермишель» для итальянских макаронных изделий не применяется.



## МАГИЧЕСКИЕ БЛЮДА

Во многих странах люди верят в магические блюда. Если вы хотите безопасно путешествовать и при этом не попадать в неприятные приключения, перед отъездом приготовьте индейку. Считается, что блюда из этой птицы следует есть и в то время, когда вы начинаете новое дело. Индейка стала популярна в Европе после экспедиций испанцев в Мексику в начале XVI века. Появившись в Европе, экзотическая птица получила название «удивительная курица». Если хотите улучшить положение своих финансов – ешьте шпинат, а лучше всего – пирог со шпинатом, поскольку мука и яйца, необходимые для теста, увеличивают «денежные возможности» шпината. Впервые листья этого растения стали употреблять в пищу древние персы, они и наделили их магическим свойством притягивать деньги. А вот ржаной хлеб, по поверьям, укрепляет дружбу, способствует улучшению человеческих взаимоотношений.

# Ахты

Ахтычай гIурул кIиябго рахъалда парахатго бегун буго некIсияб Ахты росу. ГIасрабаз гIемераб лъугьа-бахъин жидеда бихьарал ганчIил къадазул цересел минабазда гьоркьор, нух къосун, некIо заманаялде ккезеги бегъула….

Гьениб лъикIго цIунун хутIун буго Ахты-хъалаги. Гьеб рикIкIуна XIX абилеб гIасруялда бараб федералияб кIваралъул тарихиябгун-архитектурияб памятниклъун. Россиялдаго бищунго югалдехун кколеб гьеб хъала бан буго 1839 соналъ генерал Головинасул солдатаз, Самуралдехун гьабураб рагъулаб чабхъеналдаса хадуб. Гьеб гьужумалъул хIасиллъун букIана Самур гIоралъул жаниблъи Россиялде гьоркьобе бачинги. 1848 соналъ Шамил имамасул аскараз гьабураб гьужумалъги бихxичIо гьеб.

Цойги Ахты машгьураб буго VI гIасруялдасаго жидедаса пайда босулел, даруял лъимазул къулгIабазда тIад рарал хIамамаздалъунги: гьел ран рукIана Иранаалъул хан Ануширванил рагъухъабазго ва гьелдаса нахъе хIалтIизарулелги рукIана. Берцинго цIунун руго гьенир Пачаясул аскараз XIX абилеб гIасруялъул цебесеб бащалъиялда ран рукIарал хIамамалги. Ахтыялъул киналниги къулгIаби руго щёлочалъулаб лъел, 1400–1700 метраялъул гъварилъудаса кIанцIарал. Гьенибго буго бальнеологиялъулаб «Ахты» курортги.

Ахтыялда руго гIажаибго берцинал Ахтычай гIоралда тIасан лъурал кьоял. Кинабниги, гIемерал цогидал хъитIазда ва каналазда тIасан рарал рикIкIинчIого, гьениб буго 11 кьо. Гьезда гьоркьоса кIигояб рикIкIуна тарихияб ва культурияб хазиналъун.

ТIоцебесеб, машгьураб кIиго сакIалъулаб маххулгун бетоналъул кьо бан буго 1915 соналъ, Бельгиялъул ва Италиялъул инженерал Джиорсица ва Дебернардица. Гьелъ Кузай авал Гуней авалгун цолъизарула. Бан буго италиялъул проекталда рекъон ва халкъалъ бакIарараб гIарцухъ.

КIиабилеб – «Уста Идрисан Муьгъ» абураб кьо бан буго 1936 соналъ Ахтыса инженер Идрис Юнусовас. Гьеб буго доб италиялъул кьодаса дагьабго тIадехун. Бицуна, Идрисица гьеб кьо банила бакIалъул устарзабазул къватIиса хIукуматазул устарзабаздаса къураб бакI гьечIолъи бихьизабизелъунилан.

III гIасруялда Ахтыялда вукIарав лезгиязул миллияб эпосалъул багьадур Шарвилида хурхарал гIемерал биценалги харбалги руго гьенир. 2000 абилеб соналдаса байбихьун Ахтыялда тIобитIула, «Шарвили» абураб, республикаялъулаб байрам. Байрамалде ракIарула 10000 гIан чи, гьезда гьоркьор тIолабго Россиялдаса ва къватIисел хIукуматаздаса гьалбалги.

Буго гьениб цогиги кIвар кьезе кколеб бакI – СССРалдаго ругел росабазул музеязда гьоркьоб бищунго лъикIаблъун рикIкIунеб букIараб, бечедаб, улка-ракь лъазабиялъул музей. Гьелъул анцIго залалда жаниб данде гьабун буго, батIи-батIияб заманаялъул, ганчIил гIасруялдаса байбихьун нилъер заманаялде щвезегIан гIумру бихьизабулеб, 12 000 экспонат.

Гульнара АСАДУЛАЕВА





# АРАЛЪУСА ЦIУРМИЛ ГЬАРАКЬ

Цо нухалда гьелъухъе ахIун бачIана сардилъ. ЧIужугIаданалъул тIеренабго гьаракьалъ тIалаб гьабуна: «Дир яс нахъе кье!» - ян.

Альбинал беразда цебесан паркъана кинабго гIумру…

Абизе рачIараздехун тIалабал гIемерал рукIиналъ, кватIизегIан ун йикIинчIо гьей росасе. КIикъого сон бан хадув ватана гьелда жиндирго ракI рекъарав чи. Чанго соналъ ригьнада йикIаго Альбинаца анищал гьарулаан эбеллъун яхъине ва разилъана ЭКОялъул кумекалдасан пайда босизе. ЧанцIулго щвана гьей росгун цадахъ улкаялъул батIи-батIиял шагьаразде, амма лъимер гьабизе хIалбихьиязул хIасил кколеб букIинчIо. ГIумрудул сонал гIемерал ругилан абулаан тохтурзабаца.

Гьеб мехалда Альбинал ва росасул хIукму ккана Лъималазул рокъоса бачун гьеб гIезабизе. Гьеб иш Альбинаца дандбана лъикIай гьалмагъ Аидада. Дой йикIана Альбинал заместител ва бажариги лъай- хъвайги гIемерай гIадан…

Аидаца Альбинае баян гьабуна Лъималазул рокъоса бачараб лъимер дур букIин хадуб кида букIаниги «лъикIал мадугьалзабаз» яги «гьудулзабаз» къватIиб кьезе рес букIунила, гьадинго бачани, лъиданиги, хIатта бищунго гIагараздаги гьеб дуца гьабичIеблъи лъазе гьечIилан, гIицIго ишалъулъ гIахьаллъаразда гурони.

Гьалмагъалъ Альбинал лъайхъвай гьабуна чанго батIияб къагIидаялда лъимал тIад хъвалеб къагIидагун. Руччабазул консультациязда ва хадуб лъимал гьарулезул рокъоб гьеб ишалъул лъугьараб къагIида батана ва гьелда рекъон, бихьизабураб гIарцухъ, щибго квал-квал гьечIого сахсаламатаб лъимер щолеб бугоан. Аидаца абуна хIатта эбелалъул ургьиб бугеб мехалда хал кквезеги бегьулила лъимадул хIалалда хадубилан. Лъималазул рокъоса бачараб лъимадулин абуни кинал унтаби ва гIузраби ругелали лъазе кIоларилан бичIчIизабуна Аидаца гьалмагъалда дандбана кигIаналде балъго лъимер боси чIезе бугебалиги. Ясал саламатго учуз щолел ругоан гьедин.

Альбина разилъана. Гьелъие кидаго яс къваригIунги йикIана, гьениб иш багьаялъулъги гуро букIараб, гIарац гьезул гIезегIан букIана: вакьадас цIияб машина босизе кьун букIана.

…Амма къваригIун букIана божилъи, ракIчIей. Альбинада рагIун рукIана гьединал ишазда бан гьарурал уголовниял делаби рукIинги ва байбихьана лъима-

лазул даран гьабиялъул чорокал къагIидабазда хурхарал криминалиял баянал ралагьизе. Яккулаан интернеталде, цIалулаан хъварал жал. Гьезул цоялда бицунеб букIана Севериияб Кавказалда ралагьулел ругин кIиго чIужугIадангун рекъон лъималазул даран гьабиялъулъ гIахьаллъи гьабурал кIиго тохтур. Гьел руччабазул цоялъ, лъимер унти-гIузру бугеб гIумру гьабулареб бугилан божизеги гьарун, эбел-эмен тIамулел рукIун руго гьабураб лъимадаса инкар гьабизе. КIиабилелъ ралагьулел рукIун руго лъимер босизе чагIи. КIиялго гьел ккезе щун руго. Жанир лъуразул цоялъ бицун буго жинца лъимер Дагъистаналъул пуланаб шагьаралдаса бачун букIанилан. ЦIех-рехалъ лъазабухъе гьей гIадан лъимер кьезе рестораналде ячIун йикIун йиго. Амма…

Гьенийго Альбина тIаде ккана цогидаб баяналдеги. «Операция тIобитIана ва гьелъул хIасилалда кквезе щвана, цIигьарурал лъимал ричулел рукIаралилан щаклъи бугел, кIиго чIужугIадан. Гьел руччаби ихтиярал цIунулезул берзукье ккун руго ва гьелда бан гьабун буго операция. Гьедин чIезабуна гьезул цояй шагьаралъул лъимал гьарулеб рокъой хIалтIулей йикIараблъи, кIиабилей лъимал росизе гIадамал ралагьулей ва такъсираб гьоркьохъанлъи гьабулей йикIараблъи. Гьаб нухалда лъимер босулезухъе кьун буго автомашинаялда жаниб. Васасухъ гьезие щун буго бащдаб миллион гIарац. Гьеб лъимер, цIех-рехаз бихьизабухъе, гьабун буго МахIачхъалаялда ва, отделениялъул заведующиялъ бихьизабухъе, букIине кколедухъ, гьабун чанго къоялдасан эбелгун цадахъ къватIибеги биччан буго»…

Лъимер босулевлъун вукIана мадугьалихъ бугеб республикаялдаса МВДялъул хIалтIухъан.

Цоги баян: **«400 азарго гъурущалъухъ цо кафеялда такъсирчIужуялъ СКялъул оперативияв хIалтIухъанасе яс кьуна, гьей ккола гьарурал лъимал ричун росизе гьоркьохъанлъи гьабулей гIадан. Оперативникас гьеб лъимер кьуна шагьаралъул лъайкьеялъулаб департаменталъул къайимлъиялъулаб отделалде ва гьезги гьеб щвезабуна Лъималазул рокъобе. Оперативниказ ралагьулел руго гьеб такъсиралъулъ гIахьаллъарал цогидалги гIадамал. ЦIех-рехалъул баяналда рекъон гьел рукIине бегьула Севериияб Кавказалъул шагьаразул больницабазда хIалтIулел тохтурзаби».**

Гьале судалъ перинаталияб централъул хIалтIухъаналъе ва кIиго гьоркьохъаналъе тамихI къотIиялъул хIакъалъулъ лъазабиги. **«ЦIех-рехалъ чIезабуна гьез лъимал ричиялъул лъабго хIужа. Гьеб дело гьабуна лъабго соналъ цебе. Доб мехалда цо чияс лъазабуна лъимер билун бугилан. Оперативниказ гьабуна «контролияб» даран ва гьедин тIадккуна киналго гьенир гIахьаллъарал, гьезул цIарал рехсон рукIана лъимал ричиялъул кIиго хIужаялъулъ. Гьединго гьеб цIех-рехалъ тIатинабуна цоги хIужа ва рагIалде бахъинабуна кIиго лъимер бичиялъул ва лъабабилеб бичизелъун бикъиялъул дело. Гьениб бихьизабун буго гьеб такъсиралъулъ лъабго чи гIахьаллъанин: лъимал гьарулеб рокъов жавабияб ишалда вугев ва кIиго гьоркьохъан. Прокуратураялъ лъазабухъе, централъул хIалтIухъаналъ, захIматаб материалияб хIалалда ругел лъимер гьарурал руччаби разилъизарулел рукIун руго лъимал ричизе. Гьел лъие рукIаниги ричизе пикру гьей гIаданалъул цебеккунго букIун бугиланги чIезабулеб буго надзоралъулаб идараялъ. Лъимер босаралъ абун буго жий щаклъун йикIанин лъимер гьабизе бажариялда ва гьединлъидал хIукму кканин гьеб босизеян. Гьей йиго ресалда йигей гIадан, буго кIудияб рукъги. Бихьизабухъе, судалъ ахирисеб хIукму къотIизегIан заманаялъ лъимер гьелъухъго тун буго.**

Цогидаб хIужаялда бихьизабухъе, бичулеб лъимер гьабурай гIадан йикIана росасеги инчIей, ракIалдаго гьечIого лъимер ккарай гIолилай. Гьеб даранбазаралъулъ гIахьаллъун йиго гIолилалъул эбелги. КIиялго гьел хIинкъун рукIун руго гIадамазда лъимер гьаби тIатиялдаса ва хIукму ккун буго гьеб бичизе. Босулевилан вихьизаврав чияс гьоркьохъанасухъе кьун буго 700 000 гъурущ ва 250 000 гъурущ – лъимер гьабуралъухъе. Цоги 50 000 гъурущ хвезабун буго ретIел ва цогидаб босун.

Лъабабилеб такъсир рагIалде бахъинчIого хутIун буго. Прокуратуралъ лъазабухъе, гьениб лъимер бичун гьечIо, амма гIарац кьун буго цебеккунго, лъимер балагьиялъул иш тIаде босиялъе ва гьеб бичулей гIадан ялагьи хIалакинабиялъе. Гьелда бан судалъул цIех-рех гьабулеб букIана «Санаде рахинчIел лъимал ричи» абураб статьяялда рекъон…

Гьел делабазул баянги щун Альбинада бичIчIана жиндида гьалмагъалъ малъараб къагIида ихтиярал цIунулел идарабазда жеги лъалареб букIин яги гьединаб дело жеги гьез цониги гьабун гьечIеблъи. Гьелда лъана хъизаналъ ва корпоративияб къагIидаялда лъимал ричи къанагIатаб жо гьечIеблъи. Гьединго бихьана, эбелалъулаб капитал щвезе мурадалда, кIиабилеб лъимер гьабулеб бугиланги абун, лъимал гьарулеб рокъоса справкабиги росун, гьечIел лъималазул регистрация ЗАГСазда гьабулеб букIинги.

«ХIиллачагIаца ургъичIеб жого толеб гьечIо ва тамихIалъукьа хIинкъулел гьечIо» - илан пикру гьабуна Альбинаца.

ЧIужугIаданалда бичIчIичIо кин жий лъимадул даран гьа-

булеб рокъое ккараялиги. Гьел рачунел рукIана «рукIинисел» кIудадацаги кIодоцаги. Жийго букIинесеб лъимадул эбел сабурго бакIида кIусун йикIана, гIодоеги къулун. Иш бажарарал гьоркьохъеб ригьалъул рос-лъадиялъ нечечIого бицунеб букIана: жидер ясалъул йикIинесей яс – экологиялъул бацIцIадаб нигIмат бугин! Жидеда лъалин кин иш тIубазе кколебалиги! Ятун йигоан гьезда руччабазул консультациялда тохтурги ва документалда рекъон гьес байбихьудасаго хал ккевзе кколаан ургьиб лъечIеб лъимералъул бугеб хIалалъул…

Альбинада лъалеб букIана жинца такъсираб иш гьабулеб букIин. Амма кIвараб хIалалъ ритIухъ гьаюлей йикIана жийго, талихI къураб лъимер бачун хъизаналда хьихьани лъикI букIинин, гьеб лъималазул рокъоб тун гIеялдаса яги хIалицаго гьабун хвезабиялдасаян…

Гинекологасухъе руччаби унаан цадахъ. Альбинада бихьулаан лъимералъул бугеб хIал, хъвалаан чехьалда, гаргадулаан йикIинесей ясгун. ГIагарлъиги, мадугьаллъиги, цадахъ хIалтIулелги божунги рукIунаан гьей лъимаде йигилан, элъие ЭКОялъул кумек щванилан. Альбина жийгоги йикIана дагьай кьарияй, лъимаде ругезул гIатIидаб гордилъин абуни гьей унгоунгоги ургьиб лъимер бугелда релъуней йикIана. Бихьизабураб заманаялда йикIинесей эбел ана лъимер гьабиялда бан кьолеб отпускалде.

Лъимал гьарулеб рокъоре гьейги лъимер гьабизесейги рачIана цадахъ. Гьел регизаруна гIарцухъ кьолеб палатаялда. Гьей ясалъ лъимер жинцаго бигьаго гьабуна ва тIагIана. ТIокIай Альбинада гьей йихьичIо. Больницаялдаса Альбинаги ясги рачине кIудияб рохелгун рачIана гIагарлъи, мадугьалзаби, гьудул-гьалмагъзаби. Гьеб къо  сверана кIудияб байрамалде.

Лъимал гьарулеб рокъоса ячIун хадуй, Альбинал бажари бугей гьалмагъалъ лъикIаблъун бихьизабуна, регистрация гьабулелъул лъимер гьабураб къо-моцI хисизабизе. Гьеб хIажат букIана лъимер гьабурай гIадан кида букIаниги яс ялагьизе лъугьани гьей мекъи ккезайизе. «Гьединги букIуна. БачIинахъего  гуро. Чанго моцIаздасан, яги соназдасан ургьиб лъимер баччарай кантIизе ва гьеб балагьизе лъугьине рес буго. Гьеб гIемерисеб мехалъ букIуна, жидерго лъимер чияхъе кьураздa гьеб тIокIалъ кидаго жидеда бихьизе гьечIеблъи бичIчIидал» - абун бицана Аидаца.

Альбина лъимер гьабун отпускаялъ йигеб заманаялда гьелъул бакIалда отделалъул начальниклъун тана Аида ва бачIинахъего гьей цадахъ ругел гIодулеб гIадлу-низам гьабизе лъугьана. Гьел Альбинахъе рокъоре рачIунел рукIана, хIалтIизе хехго яхъайилан гьарун.

Цо нухалъ Альбинаца гьалмагъалда абуна яс хьихьизе чиги тун жий хIалтIуде ячIине йигилан. Гьеб рагIидал Аидал кьер хисана ва расниги нечечIого абуна:

- РакIалдегицин ккоге! Бихьизабураб заманаялъ рокъой чIа, гурони дица бицине буго киназдаго дур лъимер «бичун босиялъул» хIакъалъулъ. КIочене биччаге, дихъ буго нилъер къотIикъаялъул хIакъалъулъ видео, гьеб бахъана дол лъимер бичараз. Гьениб бихьулеб буго дуца лъимералъухъ гIарац кьолеб…

Альбинада бичIчIана гьанже жиндир кIанцIизе бакI гьечIеблъи, гьалмагъалъ жиндие кутакаб къор гъун букIин. Бищунго квешаб жоги гьениб букIана, кида бугониги ясалда жий хьихьаралъ гьайичIеблъиги, гьаюралъги хьихьаралъги кIиязго такъсир гьабун букIинги лъалеблъи. Гьанже бичIчIана гьелда жинца гIантаб иш гьабураблъи. Бегьулеб букIиндалха лъимер рагьунги тIатунги хьихьизе бачине ва гIезабизе. БукIана гьелъие ресалги: лъикIаб хIалтIи, гIатIидаб рукъ, росасул – летчикасул гIемераб харж ва цогидалги.

Ана чанго сон… Ва цо сордоялъ бахъана цIурмил гьаракь… Аралъуса цIурмил гьаракь букIана гьеб…

**Марина ШЕВЧЕНКО**

P.S. Лъималазул даран гьаби ккола РФялъул УКялъул I27. I статьяялда гъорлъе «ГIадамал рича-хиси». Гьелъухъ гьабулеб тамихIги букIуна 3-I0 сон. Амма судалде гьединаб дело щвезаби бигьаяб жо гуро, щайгурелъул лъимал ричаралги росаралги цIодорго хIалтIула ва кинабго балъго хутIула.

Экспертаз абулеб буго, гIемерисел лъимал къваригIарал гьединаб хIилла – макру гьабизе лъугьунел ругила, лъимал тIад хъваялъул ишалъулъ гIемераб вала-рахас лъугьинабун букIиналда бан. Пачалихъалъул идарабаз ургъунго гIадин квал-квалал гьарулел ругила лъимал хьихьизе рачунезе ва гьединлъидал гIемерал унел ругила такъсирияб нухалдалъун лъимал ралагьизе. Лъимал тIад хъваялъул рахъ роцIцIинабизе кIварабани жеги гIемерал рукIинаан гьел рачунел ва хьихьулел, ралагьизе ккелароан мекъал нухалги, гIезегIанго дагьлъилаан гьеб рахъалъ гьабулеб даран-базарги.

## РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСДЕ

*МухIаммад ХIАМЗАЕВ*

ХъахIилаб зоб къотIун унел къункъраби,
Расул къаникь лъурав лъалищ нужеда?
Ихдал ВатIаналде руссунел хIанчIи,
ХIамзатов гьечIого чIичIидилищ нуж?

Ракьул гьумералда гьечIо, Дагъистан,
Гьиндустаналдаса мун цебе гьабурав,
Гъогъоль тIупун вуго, некIсияб Гъуниб,
Мун Парижалдаса берцин бихьарав.

Щив дуниялалда гьанжеялдаса
Дагъистан, дур бицун цеве вахъинев?
Вай, дир Кавказилан, кверaлги рорхун,
Кинав шагIирас мун машгьур гьабилеб?

Лъица эбелалъул горда лъун тараб,
Чирахъул канлъуде кучIдул гьарилел?
Лъида миллаталъул батилеб ургъел,
Ургьелал гIемерав цо дуда гIадин.

Дуниял хIайранав ХIамзатил Расул;
Дур асараз асир гьабуна гIалам.
Мун, Роберт Бернс гIадин, гIодоблъиялда
МагIарухъ ракIги тун рикIкIад сверулев.

Цинги Союзалъул Верховный Совет,
Президиумалда магIарул къалал,
Къоло щуго соналъ сессиябазда,
Гьаниб талихI гьечIин бачIараб дур тел.

Мун доб ООНалда улбул цIунейин,
ЦIада росуялъул васият гьебин.
Цинги Азиялъул азбука лъачIеб
Лъавукъаб халкъалъе ракълил бицунев.

Мун Америкалда, Африкаялда,
Яги Кубаялда Кастрогун цадахъ,
Цингиги къваридаб Япониялда,
Къункъраби кьотIулей ясги къвалакь ккун

## КИРЕ ИНЕЛ ХИНЛЪИЗЕ

*ХIабиб ДАВУДОВ*

НакIкIукье мегIер гIадин,
Ана машгьурав шагIир.
МагIарухълъи цIунеян
Нилъей васиятги тун.

Океаналъул тIинде,
ТIерхьун ана зодил моцI.
ЦIогьаз цIураб Дагъистан,
Дир гуриланги ахIун.

Дагъистаналъул цIвабзаз
ЦIа босулеб гъасито,
ЦIорон бугин жакъа мун
Кире инел хинлъизе.

Кавказалъул къарнаби
Къалъизабураб чирахъ,
Къанабакье нурги ун,
БецIлъун буго сверухълъи.

Сонал гIемерал ина,
ГIумрудул гъварилъуде,
Гъаситаби цIилъила,
ЦIваби цойги раккила.

Амма Расул дур цIарги,
ЦIаги цIваги нижее,
ЦIакъ хирияб букIана,
Хисиларо лъицаго.



# ШИГIРАБАЗУЛ ГIИДРА ТIЕГЬАЛЕБ БУГО



МагIарул шагIир Залму МухIамадовалъул-гун дир лъай-хъвай ккаралдаса гIурабго заман буго. Берцинаб гьурмада гьимулел зодикьерал бералги, беразул хIоринир лъедолел анищалги, гьезул гъварилъуда бахчараб балъголъиги, гьеб киналдаго тIад нурлъун гвангъун рещтIун бугеб гьуинаб гьимиги. Рокьул цIураб гIажаибаб балагьиялъ бицунеб бугин ккола гьелъул шигIрабазул гIидраялда тIегьарал сариназул. ХIикматаб сихIкьотIиги тIуркIизабун, цIидасанги рагьулеб буго магIаруллъиялъухъги рорхатал мугIрузда тIавап гьабулел пахруял цIумазул роржиналъухъги, мугIрул ахалъудасан чвахулел рацIцIадал лъаразул чилиялъухъги урхъараб шагIиралъул гьаракь.

ВатIаналъухъ урхъи – гьеле Залму шигIрабазда чIвараб даимаб мугьру:

*Рорхатал мугIрузул гIиял рехъаби,*
*ГIазулал мугIрузда тIад чIараб ритIучI,*
*ТIогьол байдабазда кечIгун гIанса хIинчI,*
*Унго, магIаруллъи, цо дур берцинлъи!*



* * *

*АхIулъ яхI рехичIел чIухIарал васал,*
*Намус цIунаразулъ цIар бугел ясал,*
*Иманги щулияб, исламги ккураб*
*Унго, магIаруллъи, цо дур берцинлъи.*

МагIаруллъиялъул берцинлъиялдаса бергIорцIуларей шагIиралъул гьоркьо-гьоркьоб рахIат хьвезабулеб буго: цо-цо мехалда, миллаталда гьоркьоб гьечIеб цолъи бихьидал:

*Цолъе магIарул васал,*
*Цогиязе мисаллъун,*
*Цолъарал церехун ун,*
*Нилъ нахъа хутIун ругин.*

* * *

*Кин ругел, магIарулал,*
*Кир ругел, магIарулал,*
*Вацал цадахъ хутIичIеб*
*Хъизан бихьулеблъи лъай.*

Гьаб сарин гIодулеб буго магIарулазул жакъасеб къисматалъухъ. ВатIаналъул пикрабиги, рохелги , рельиги, гIодиги, угьдиги щущан руго шагIиралъул шигIрабазул гIидраялда. Гьенир тIирщарал ва тIирщулел ругел сариназулъ дида дунгоги ятула. Дир къиматалъги магIу тIолеб буго гIолилллъиялда хадуб. Жегиги анищазулъ чверделеб бугеб гьелъ цин йосун лъола жиндирго гIурул рагIалда, цинги – гьел цIидасанги гьелчола гIумруялъул карачалабазде данде:

*Дир анищазул лъар, ракъдалал соназ,*
*Къечон дун холелъул, гьекъезе щвечIеб.*
*Дир анищазул лъар, анищазул лъар,*
*КватIун букIаниги дихъе чвахулеб....*

БотӀрол расазда саву кколелъулги, каранда кӀетӀолеб рекӀел твархи загӀиплъулелъулги, хьулазул хьухьакье ккарал пикраби дагьалъги гӀанчӀлъулелъулги, Залмул асарал кӀетӀола гӀумруялъул хаслихълъиялда. Гьеб бачӀуна, лъимерлъиги гӀолохъанлъиги цадахъ бачун. Цинги цӀидасан, кьурдула анищал, хӀайранал сариназул асирлъуде ккарай дие гьимула талихӀалъул бакъ. Гьеле гьединаб гӀажаибго берцинаб гогьаралъул накъищаз угьараб асар гьабула дие тӀубачӀеб рокьулги, билараб талихӀалъулги, гӀорцӀизегӀан хӀохьбазе щвечӀеб гӀолохъанлъиялъул иццухъ тӀураб магӀуялъул хӀакъалъулъ хъварал шагӀиралъул кучӀдул цӀалидал!

* * *

*Саназул гъаталде гьегъ бананиги,*
*Гъорлъан инагьдула анищазул лъар,*
*ТӀад къанал чӀван, чвахи къинабуниги,*
*Къин гьечӀеб лъарал лъим баккула тӀаде.*

*Яги:*

*РекӀараб цӀадутӀе цӀад щай балареб,*
*ЦӀахӀилал беразул нур босилалде,*
*ЦӀваби гъараб зодоб мацӀ щай щолареб,*
*МоцӀроде кӀетӀолеб ракӀ лъалхъилалде.*

* * *

Ва цо заманаялдаса, пашманал пикрабиги щущазарулаго, гьале жибилан гӀолохъанлъиялъул хьухьикьан баккун бачӀуна, талихӀалъул хӀинчӀ, дир гӀамирко хӀинчӀ – хӀеренаб, недегьаб, гӀанчӀаб, гогьаб лъимерлъи:

*ТалихӀай йикӀана гьитӀинаб мехалъ,*
*Гьури тӀад кьурдулей кьурулъеги ун,*
*ГӀодой ялагьани, бетӀер сверулеб*
*Парсиб бижараб тӀегь тӀезе хӀалкӀведал…*

Ва амма гӀолилалъул гӀумруялъе гьарулел бадирчӀваяз тӀаде цӀалеб буго чӀегӀераб сордо:

*- ТалихӀ, унго, талихӀ бачӀунищ унеб?*
*Ялъуни кидаго аскӀобищ чӀолеб?*
*ТалихӀай ятани, щай пашманлъиялъ*
*Щибаб маркӀачӀуда дир ракӀ къанцӀулеб?*

ШагӀиралъул шигӀрабазухъе нуцӀа къиридал, дида чӀвала магӀарул рогьелалъул гьогьенги, йохизаюла гӀидраялде ккараб рокьул щуб талихӀалъул бакъуде данде кӀенчӀолейлъунги, сири базабула къисмат бигъаразул рекӀел саринazги. Гьеле гьединаб гӀемеркьеразулаб шигӀру буго магӀарул шагӀир Залму МухӀамадовалъул.

ГьабсагӀаталда гьей хӀалтӀулей йиго республикаялъул пенсионияб фондалда. Буго Залмул роцӀараб, буцӀцӀараб хъизанги. ШагӀиралъул талихӀалда чӀвараб абадияб мугърулъун ккола гьелъул лъабайго яс. Гьелги гӀуна, эбелго гӀадин, гӀумруялдеги, гӀадамаздеги, магӀаруллъиялдеги, миллаталдеги рокьи бугел ватӀаналъул ясаллъун.

Рос – ХӀажимурад хӀалтӀулев вуго бакӀалралевлъун. Яс - Эльмирал лъугӀана ДГУялъул социалияб факультет. Мадина цӀалана Халкъияб магӀишаталъул университеталда (Нархоз), Джамиляца лъугӀизабун Дагъистаналъул медицинаялъул университет. ЦӀикӀкӀарал кӀигоял руго ригьнадаги. Руго Залмул ясалъулги васал. Гьелъул талихӀалда гьури хъвагеги.

Нахъойги ахӀулеб буго шагӀиралъ:



*- КӀваричӀо дий гӀумру, гӀураб ракьалда*
*ГӀадамал дидаса къварид ругони,*
*Къабуллъиларо дий бачӀунеб заман,*
*ЙорчӀами кьураца жаваб кьолареб.*

*Къокъаб гӀумруялъул къваридаб нухда,*
*Къадру цӀунун, дица тӀамила къоял.*
*Къаникье индалцин, лъалелщинаца*
*ЛъикӀай йикӀанилан абулеб куцалъ.*

***Исана Залму МухӀамадова гьаюралдаса тӀубана 55 сон. ГӀумруялъ кӀиго щуйилаб лъолеб гьеб талихӀаб лахӀзаталда дица шагӀиралъе гьарула къин гьечӀел шигӀрабазул иццухъ талихӀал сариназе даимаб чили. Биччанте гьеб букӀине цӀияб гӀумруялъул байбихьилъун.***

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**

# ЛЪЕБЕРГО СОНАЛДАСАН...



Росулъе хьвадулеб маршруткаялъухъ ралагьун ниж радалалдаса нахъе рукIана автостанциялда. Гьениб дие санагIат гьечIолъи букIана, цо чиясул чIваркьан дихъ ралагьарал берал рихьидал. Гьел рихьичIеб хвел гьабизе лъугьаниги, дов чияс дидаса бер босулеб букIинчIо. Ццин бахъиндал дицаги хIал бихьана гьесул бадие ялагьун чIезе. Гьединаб чанкIкIи диль батилилан ракIалда букIинчIеб къагIидаха, гьев дир рахъалде вачIине лъугьана.

«Щив гьав?... Щиб гьасие дидаса къваригIараб?» - абун ккана дида ракIалде.

- ЙорчIами! – ян абуна гьес гьимулаго. – Нух битIаги!

- Амин, - ян абуна дица согIго гIадин.

Дагьалъ гIенеккунги чIун гьев гьимана ва хадубги абуна:

- Бика, дуда дун лъазейищ лъачIев?

Унгоги гьев дида лъалев чи вукIинчIо ва гьесда дун цойгияйгун къосун ятилилан, дун цогидаб рахъалде юссана.

- ВахI, унгоги лъачIев къагIида гьалда дун. Дида мунин абуни киданиги кIоченей йикIинчIо, - илан абун гьесул калам дагьаб цIекIабилан ккана дида.

- Бихьинчи, я дуе къваригIараб жо бице, яги дун парахат те! – ян дица гьесде цIорораб гIадаб калам гьабуна.

Гьевин абуни хIеренлъана ва:

- Мун ццидахуге, ракIалде щвезавизе хIал бихье, - ян кIалъана.

Щиб гьанже гьасда гьабилеб! ГIажаиблъи гьабун бетIерги кIобокIун дун лъималаздехун юссана ва, ралагьун чIчIун чIамучIлъарал, гьезде гаргадизе лъугьана. Гьеб параялъ дида ракIалде щвана… Долго хъачIал багIарал расал, долго сурмиял беразул согIаб балагьи…

* * *

– СайгидгIали... дир вас, вачIа хехго! – Школалда ракIа-рахари гьабулей Зугъраца хIалица цIа-цIалев вукIана классалъул нуцIихъе анцIго сон барав гIадинав вас, гьевин абуни согIго гьелъухъги валагьун, щибалиго жо жиндиего бицунев вугоан… Гьедин ккана СайгидгIали нижер классалде.

МоцI иналдего гьев лъугьана школалъулго ургъеллъун, балагьлъун. Кидаго халареб гьесул хъачIаб рас кидаго букIунаан рахъ – рахъалде буссун, бецIбагIараб квегIаб гIин букIана кваранaлдаса кIудияб, шайгурелъул гьеб кидаго кьурулеб букIунаан инсуцаги учительзабазги.

ЦIализе гьев лъикIав вукIинчIо. Къойил вагъулаан ва киналго рухулаан гьес. ГIарзалъ ани гьес, нухги ккун, бокьараб бакIалда бецIулаан.

Кинацаго хIаракат бахъулеб букIана гьесулгун гьоркьоблъи гьабунгутIизе, гьединлъидал нижеда цадахъ, байбихьул классазда бараб лъабабго соналъ гьев вукIана живго жиндаго.

Классцоязеги хIалхьи толароан гьес. Цин тетрадь бихъулаан, цин журналалда киназего кIийилал жиндиего щуйилал лъун ратулаан, горда лъурал тIугьдул нахъе ралаан, ясазул портфелазда жанибе рухIчIаголъаби рехун ратулаан, гьел хIинкъизаризе.

Цо нухалда гьес цIадабе рехараб лъилалиго танк, сундаса гьабураб лъаларо, кьвагьунцин букIана. ЦIаялъ, маххул басрияб печалъул киналго кьватIелаздаса къватIибе баккун, гьесул жиндирго гьумергицин чIчIурхIун букIана.

Зугъраца гьев кидаго квешго вухулаан классалда цевеги, гIодилаго гьарулаан гьесул гъалмагъирал инсуда рицунгейин, гьес вас тIуванго сакъатлъизавизехъин вугилан.

Кинацаго абулаан васасул букIинесеб лъикIаб гьечIин гьесул унго-унгояв такъсирчи лъугьунев вугин.

* * *

Дунгойин абуни кидаго йикIана рахIатай ва ракълилай яслъун, кидагIаги къацандидагIбаги букIунароан. Амма СайгидгIалица ясалги толарого рукIун, дица гьел хIадур гьарун рукIана таваккалго гьесде данде чIезе.

- Нилъ гIемерал руго, гьев цо вуго. РачIа, щий йикIаниги гьес къварид гьаюни, хIинкъичIого киналго речIчIизе гьесда тIад…

Ясалги хIинкъадго разилъана ва гIемералъ хутIичIо гIилла ккезеги. Добго къоялъ СайгидгIалица тIезабуна Мадинал портфелалъул гIоркь. Ниж чангоял гьесде тIаде рана ва сородилеб гьаракьалъ дица лъазабуна: - Цоги хIалбихьеха дуца нижее хIалихьалъи гьабизе, - ян.

- Гьабуни дуца дун вухизейищха вугев? – ян цIекIго велъана гьев.

- Вухизеги вуго… ниж кинацаго вухизе вуго мун! – янги абун нахъе ялагьидал бихьана гьесда цее цохIого дун хутIун йикIин. ХутIарал ясал киналго жидерго бакIазда гIодор чIун ругоан. ТIолабго классалъ хIикмалъи гьабуна дир гьеб гIадаллъиялда ва киналго рукIана щибдай ккелаян ралагьун чIун.

- Бихьилаха лъица щив вухулевали… Жакъа дарсал лъугIун

хадуб, Ленинил памятникалда нахъа бугеб пожарниказул рукъалда цере дандчIвала, - янги абун, гьес къисас босизе бакI бихьизабуна.

Дир ракI квешго кIетIолеб букIана, хIатIал байбихьана сородизе ва дида ракIалде ккана дарсал лъугIизегIанго чIечIого рокъое тIуризе ва яхчизе. Яги, рес къотIани, хвезе. СайгидгIалица гьанже дун чIаго тей щакаб букIана...

* * *

ХутIараб лъабго дарсаздаги гьезда гьоркьосел перемена-яздаги дица Аллагьасда гьарулеб букIана киназдаго, хасго СайгидгIалида, гьеб хабар кIочон тагиян.

- Гьеб лъугьунеб батичIони, гIодойги ккун бекаги дир бох, - илан гьарулеб букIана дица Аллагьасда… Цо хIатIида йигей дида данде вагъиларогури гьев…

Дир букIана гьениб чанго рес дунго цIуниялъе. Дир гьари къабуллъичIо . Гьеб хIинкъи-ялда ана лъабабго дарс, дица байбихьана гIедегIичIого портфель бакIаризе ва хIинкъадго анищ гьабулеб букIана доб хабар киназдаго кIочон тагиян. Амма гьедин ккечIо. Дагьалъ цее дун йичарал ясал, дандеги руссун, дихъ ралагьун чIун рукIана. Ахирисеб божи чIвана СагIидица:

- Дов! Дова! Валагьун вуго!

Дида рагIана ракI тIеркIезе лъугьараблъи ва хIатIакье унеб букIин. Лъутун ине букIараб къасд рахсидаса борчIулеб букIана… Амма кинго бегьи-лаанищха дие киназдаго цебе хIакъирлъизе, гьел ракIарун рукIана дие такъсир гьабулеб бакIалде!

Квас-квасул гьарурал гIадал бохдуз дун ячуней йикIана дир чIвадарухъанасде тIаде. Байбихьуда дун цIоро-гъорон ялагьун йикIана бакIал чоро-кал ботинкабаз дир хъахIал гольфабазда щвезарулел мала-зухъ. Гьел хехго чороклъана ва гIодоре хъущтIун ана, гьедин цере лъуна дир махIабазда лъурал гIужал ва хъахIиллъа-би. Унти рагIулеб букIинчIо. Амма чороклъарал гольфабаз дир рекIелъ лъугьинабуна дандечIеялъулаб карачел, ба-кана цIа. Дица гьев къуватав вас тункун нахъе рехана. Дир гьединаб гьунаралъул пикруго гьечIого вукIарав гьев, гIодов речIчIана, амма гьеб параялъго тIаде вахъана. Кин бажарараб лъаларо, дица гьев хадувги ккезавуна гIодов ва ясазе ха-сиятаб къагIидаялъ, гьесул багIараб расалдаги хурхун, дица гьев вухана, гьес кьабу-леб букIаниги, дида унтиги рагIулеб букIинчIо.

Циндаго… школалъул пири… маххулаб зар… ганчIилаб гьумер…гIодана. ГIодулевги гьев вукIана гьитIинаб лъи-мергIадин, магIуги гьурмада лъулъалаго ва вахъун лъутун ана, рикIкIадасан бихьила те-лаян дие хIинкъабиги кьолаго.

Хадусеб чанго къоялъ дун йикIана школалда багьадур-лъун. Киназего бокьун букIана диргун гьудуллъи ккезе.

…СайгидгIали дагьав гIодов виччана. ЦIализе гьев лъи-кIав лъугьинчIо, амма вагъи дагьлъана, ясаздехун дагIба – рагIиги тана. Дида кколаан гьесул ццидалаб балагьиялъ борлъулеб бугин мугъилан. Кколаан гьев валагьун чIун вугин…

Дица хIаракат бахъулеб букIана гьесул эбелалъул бер-зукье ккечIого йикIине, амма переменаялъул заманаялъ гьелъ дун ккуна ва гьарана жиндир васасе изну кьейин дуда цадахъ партаялда нахъа гIодов чIезеян…

Лъабго соналъ рукIана ниж цо партаялда нахъа гIодор чIун ва цо рагIи цоцазда абичIого. Щуго классги лъугIизабун гьеб школалдаса нахъе ана дун, амма гьесул согIаб балагьи дида гIемераб мехалъ цебе тIамулеб ва макьилъгицин бихьулеб букIана. Киданиги лъикьаниги хIинкъулей йикIинчIо дун гьев рас багIарав васасдаса гIа-дин. Дун гьесукьа хIинкъулей йикIана хвезегIан. ХвезегIан гьесда рихарай йикIана дунги.

* * *

Ва гьале дир лъимерлъиялъу-лаб хIинкъи гьаниб дида цебе. Дагьабго сири базе лъугьана черхалда ва гьелъ дун тIамуна гьимизеги.

Ниж харбиде рана.

- ГIумруялъ дудаса рецIел босизе ургъулев вукIуна, Бика, дун - янги абун аваданго гьи-мана гьев. Дурго талихI ккана доб школалдаса нахъе ин.

Дида бичIчIулеб букIинчIо махсаро гьабулевищ гьев ун-гойищали.

- Гьаааа, гьале диралги ра-чIинел руго…

Жиндихъего рекерун ра-чIунел микьго ва анцIго сон баралгIадинал васалги рихьун, СайгидгIали гьимана. Лъима-лазда хадуйго ячIана берцинай чIужугIаданги ва гьайбатай гIолилайги. Берцинаб хъиза-налъул талихIав инсуца гьезул диргун лъай – хъвай гьабуна:

- Гьал руго дир бахьикъосал ХIасанги ХIусенги. Гьай ккола дир лъади ГIашура. Гьай - дир яс Бика…

**Бика АЛХАСОВА**




КIикъогоялдасаги цIикIкIун сонал ана пробиркаялда жанисан лъимер гьабунилан хабар тIоцебе тIибитIаралдаса. ЦIарги гьелда буго Луиза Браунил ЭКАян ва дунялалдаги рагIана тIоцеве воржарав космонавтасулго гIадин.

Дида ракIалда буго нилъер республикаялда гьеб хабар гьоркьоб лъолеб ва божизе захIматабилан толеб букIараб куц. Лъимал гьарулареца гьеб хабар рухIдаллъигун къабул гьабулеб букIана ва анищал гьарулаан ЭКОялъул кумекалдалъун мурадалде щвезе. Унел рукIана сонал ва 2013 соналъ гьединаб хIикматаб иш ккана Дагъистаналдаги – Хъизаналъул план гьабиялъул ва репродуктивияб Централъул кумекалъулаб технологиялъул отделениялда гьаюна яс. Гьелдаса хадуб гьеб къагIидаялда республикаялда гьабун буго 350 «экоялъулаб» лъимер ва гIемериселл лъимал гьарударел гьанже мурадалдеги щвана.

# ХIикматалъулъ гIахьаллъулей

Гьедин лъимал гьаризариялъулъ гIахьаллъулезул цояй ккола тохтур биолог – эмбриолог Наталья Черкашина. Гьей йиго хIалбихьи щварай специалист, рехсараб Ценрталда хIалтIулей йиго 2003 соналдаса, ВРТялъул отделениялдайин абуни гьеб гIуцIараб къоялдаса.

ЭКОялъул процедурабазда тIадегIанаб квалификациялъул специалист - биологасул хIажалъиги кIварги цIакъго кIудияб букIуна. Жибго ЭКОялъулаб къагIидаялъе кьучI лъурал кIигоязул цоявлъун кколаан биолог Роберт Эдварс (ва гинеколог Патрик Степт).

Биологиялъул ва медицинаялъул кьучIалда хIалбихьиял гьаризе гьира Наталья Черкашиналъул циндаго гуро бижараб. Гьелъ лъугIизабуна университеталъул биофак ва РАН ДНЦялда цебесеб аспирантура. ГIемерал гьей лъалеца абулеб букIана Наталья жиндирго областалда хIалтIилин ва эмен, гIемерал сонаца РАНалъул ДНЦялъул геологиялъулаб Институталъе нухмалъи гьабурав, геологиялъулгун минерологиялъулаб гIелмуялъул доктор, академик, Василий Иванович Черкашинил нухдаса инин.

Гьел прогнозал бащдал ратана ритIарал, гIелмияб практикаялдаса Наталья рикIкIалъичIо, амма аслияб мурадлъун гьелъие ккана гIелмияб карьераги гIалимлъиялъул цIаралги гурел, сундаго данде кквезе бегьулареб рохел – жиндир кумекалдалъун лъимал гьаризари.

Абула жинда унтарасул бугеб хIал бичIчIарав тохтурасул кумекги цIикIкIараб букIунилан. Натальядаги гIицIго рагIун гуро лъалеб, гIемер мехалъ лъугьунеб букIинчIеб лъимер ургъиб ккеялъулги гьеб гьабиялъулги рохел. Гьей, гьанже гIемерал лъималазул гIолохъанай эбелалъеги, лъимер хехго гуро ккараб.

Тохтур эмбриолог хIисабалда ЭКОялъул ишалъулъ Натальял масъала бигьаяб гьечIо, гьеб буго ювелирасул гIадинаб хIалтIи – гьелъул кумекалдалъун лъугьуна эмбрионазул жубай, гьезул клеткабазулаб жубаялда бараб букIуна операциялъул хIасилги.

- Репродуктивияб технологиялда гьоркьоса къотIичIого хиса-басиял ккола, щибалиго баккула, протоколал хисула, оборудование цIилъула ва специалистасда гьеб кинабго цIияб жо лъазе ккола – ян абуна Наталяца.

Гьединлъидал щибаб соналъ, цо-цо мехалъ лъагIалида жаниб чанцIулгоги гIахьаллъизе ккола халкъазда гьоркьосел ва тIолгороссиялъулал конгрессазда, конференциязда, симпозиумазда, квалификация борхизабиялъул курсазда. Гьел курсалги рукIуна Россиялда ва гьединго къватIирги.

КигIанго заман гIоларого ва жиндирго ишалде машгъуллъун йикIаниги, Натальяда заман батула




жиндирго хъизаналъеги. Гьей ккола ункъо лъимадул эбел. ГIолохъанай, чIурканай гьелъул гьелгощинал лъимал ратилинги кколаро, амма гьелъ гьел лъимал цохIо жинцаго гIезарулелги руго. Гьедин букIаниги бихьуларо Натальял свакайги, чIалгIенги, хехдариги, ракIхвейги, жиндие дагьаб къваридаб къисматалдаса разикълъиги. Наталья йиго жигарай, аскIой йикIине ва кIалъа-басазе бокьулей гIадан, гьелъул руго гIемерал мурадал ва ракI балел ишалги. Гьелъие бокьула музыка, цIалула магIна бугел тIахьал, ялагьула лъикIал фильмабазухъ. Амма кидаго гуро гьеб киналъего батулеб заман. Аслиял ишаллъун гьелъие руго хIалтIиги, лъималги, гьезул цIалиги, рекIелгъеялги.

Натальяца гIемераб баркала кьолеб буго жиндие кумекалъе ратулел ва чара гьечIого хIажатал эбелинсуе. Гьел кумекалъе гьечIелани жиндие лъимал хьихьизе ва хIалтIи гьабизе кутакалда захIмалъизе букIанилан абулеб буго гьелъ. Кин букIаниги эбел лъицаниги хисуларелъул, гьебги лъикI бичIчIулеб буго Натальяда ва щибаб эркенаб минут лъималазе кьезе хIаракатги бахъулеб буго. Унел руго киноялде, рахъунел руго тIабигIаталде, сверулел руго паркалда, щолел руго кафеязде.

Натальял ункъабго лъимер цIалулеб буго жиндиеги гIагараб 39 абилеб школа – лицеялда ва эбел гьез йохизаюлей йиго лъикIаб цIалиялда ва мисалияб гIадлуялдалъун. КIигоял цIикIкIарал – Анастасия ва Максим ургъулел руго эбелго гIадин тохтураллъун рукIина ва гьединлъидал цIалулел руго лицеялъул биохимиялъулаб отделениялда. Анастасиял буго цоги рекIее бокьулеб иш – гьелъ суратал рахъула. ГIисинал, Даниил ва Ксения жеги жал щаллъун рукIинел абураб жоялда тIад ургъулел гьечIо, амма кIиязего бокьулеб буго шахматал хIазе. Микьго сон барай Ксенял гьеб рахъалда гIурал бергьенлъабиги руго – гьей яхъун йиго шахматазул хIаязулъ СКФОялъул ва Дагъистаналъул чемпионлъун.

Нилъер заманаялда лъимал цо яги кIиго бугони гIолин тола, гIемерал багьанаби ратула гьел цIикIкIун гьарунгутIиялъе, абула заман захIматаб бугин, гIарац гIолеб гьечIин, хIалтIуе квал-квал кколеб бугин. Натальяе гьел багьанаби къваригIунаро:

- Лъималазул кинабгIаги квал-квал сундуениги букIунаро. Гьелъул гIаксалда лъималаз гIумру лъугьинабула бечедаблъунги, берцинаблъунги, рохараблъунги, гвангъараблъунги. Гьез бижизабула гIумруялде рокьи, бокьизабула дунял. Лъимал – руго инсанасул бищун кIудияб талихI!

Хъизаналъул хIакъалъулъ Наталья Черкашинагун гара-чIварун хадуб дица гьелда гьарана ЭКОялъул хIалтIуда хурхараб чанго суалалъе жаваб кьейилан

**- Бице, кин ЭКО Дагъистаналда байбихьараб?**

- ВРТялъул тIубарабго хIалтIи байбихьана 2012 соналдаса, кинабго хIажатабщинаб оборудованиеги лъун. ЭКОялъул тIоцебесеб процедура нижер отделениялда гьабуна 2013 соналъ.

**- Кинабго кадрабазда бараб букIунилан абураб жоялда божичIого рукIине кIоларо. Кинаб команда бугеб ВРТялда?**

- Нижер отделениялда вуго анкьго тIадегIанаб квалификациялъул тохтур акушерал-гинекологал. Гьез гьа бала ЭКОялъул операциял, вуго лъабго тохтур – эмбриологал, уролог – андролог, анестезиолог – реаниматолог, медицинаялъул гьоркьохъеб персонал ва медицинаялъул статист. ХIалбихьи щваралги гIолохъаналги специалистал гIемерал уна батIи-батIиял конгрессазда, конференциязда гIахьаллъизе, ритIула гьел махщел камиллъизабиялъул курсаздеги, улкаялъул Москваялда ва Санкт-Петербургалдаругел чIахIиял Центраздеги ва гьединго стажировкаялъ ритIула Англиялде, Даниялде, Чехиялде, Франциялде, Италиялде, Испаниялде ва гь ц. ВРТялъул отделениялъе нухмалъи гьабула медицинаялъул гIелмабазул кандидат, тIадегIанаб категориялъул тохтур, сахлъи цIуниялъул министерствоялъул репродуктивияб сахлъиялъул штаталда гьечIей аслияй специалист Муминат Арсеновна Хархароваль. Гьей ккола гIемерал шапакъатал щварай специалист.

**- Дагъистан буго Россиялдаго лъимал гIемер гьарулеб республика. Нужехъе рачIунел гIадамал гIемерал ругищ?**

- Нужеца гIажаиблъиги гьабизе бегьила, Дагъистаналда лъимал гьаризе бажаруларезул къадарги цIикIкIараб буго Россиялъул регионазда гьоркьоб. Нижеда рагIараб куцалда 25 000 хъизан буго лъимал гьарулареб.

**- Сунда бараб бугеб ЭКОялъул хIасил ва щай гьелъул кумек киназего щолареб?**

- ЭКОялъухъа кинабго гуро бажарулеб. Гьеб бараб букIуна гIемерал жалазда: диагнозалда, ахIвал-хIа-

лалда, соназда, унтабазда, жиндир заманаялда тохтурасухъе ккеялда. Жибго процедура байбихьилалдего кьучIаб хIалалда киналъулго хал гьабизе ккола, гьелда барабги букIуна ЭКОялъул хIасил. ХIисабалде босизе ккола гIумру, эбел гIолохъанго йигебгIан божи цIикIкIараб букIуна лъимер сах-саламатаб гьабиялъе.

**- Кида лъимал гьаризе кумек хIажалъарал рос-лъади лъугьине кколел жидерго цIех-рех гьабизе?**

- ЛъагIалица цадахъ рукIун лъимер ккун батичIони специалистасухъе ине лъикIаб буго. ГIемерисез гьеб заман цIунуларо ва репродуктологасухъе ине кватIула: гIемерал руго гьеб гIиллаялда бан ЭКОялъул кумек жидее щвечIелги.

**- Байбихьуда гIемерал ЭКОялъул кумекалдалъун лъимал гьаризе къваригIарал гIадамал ине ккола-ан Москваялде ва гьеб операция гIезегIан хираго чIолаан. ГIемерисез гьанжеги рикIкIунеб буго ЭКО хирияб процедура бугилан. ГьабсагIат кинаб хIал гьелъул бугеб?**

- ЭКОялъул процедура учузго чIоларо, амма гьабсагIаталъ гьеб кинабго рос-лъадуе чIобого гьабула ва хIажатаб гIарац ОМСалдаса биччала.

**- Абулеб бугоЭКОялъул процедураялде хIадур-лъизе заман халатаб ва захIаматаб бугилан.**

- МухIканаб цIех-рех сахлъиялъул гьабулаго заман гIемераб бала, амма гьеб буго жидеего пайдаялъе ва ракIчIараб хIал букIиналъе гьабулеб иш. ЦIех- рехазда рекъон данде ккolареб жо батичIони бакIалда вугев гинекологас выписка хъвала лъимер гьабунгутIиялъе бугеб гIиллаги бихьизабун. Хадуб гьабула консилиум ва специалистаз бихьизабула кинаб сах гьабизе ккoлеб бакI ва унти чорхолъ бугебали. Хадусеб иргаялда букIуна Централияб тохтуразул клинико-консультативияб комиссия ва гьенир гIахьаллъула росги лъадиги. Гьеб комиссиялдаса хадур рос-лъади ритIула сахлъи цIуниялъул министерствоялде, хадур документал рачIуна нижер Централде ва гьенисаги ритIула пациентаз тIаса бищараб клиникаялде. ЭКОялде комиссия гьабурал гIадамал жидеде ирга щвезегIан заманаялъ чIола ва гьез иргаялда хадуб хал ккола сайталдасан.

**- ГIемераб заманищ балеб гьеб иргаялда чIаразе ЭКО гьабизе?**

- ГIемериселъ гьениб бала кIигояалдаса ункъоялде щвезегIан моцIал, гьеб бараб букIуна клиникаялъул хIалтIул гIемерлъиялдаги ва жалго гьезул бугеб хIалалдаги бараб.

**- ЭКО гьабиялъе данде кколарел рихьизариял ругищ?**

- Руго. Гьеб ккола тIончIорукъалъул, жаниб лъимер цIуниялъе ва гIезабиялъе данде кколарел гIунгутIаби. Гьеб букIине бегьула тIончIорукъ мекъса чIейги, гьелда жанир ва тIад рижарал жалги, багIарлъун яги гьорон лъугьинги, онкологиял унтабиги, хирургиялъулаб кумекалда кколел гIиллабиги цогидалги.

**- Цо-цояз абула ЭКОялъул кумекалдалъун ургьиб лъураб ва гьабураб лъимер загIипабги, гIемериселъ сакъатабги букIунилан. БитIараб бугищ гьеб пикру?**



- Унго-унгояб гьереси ккола гьеб! Гьедин гьарурал лъималазул гIададатго ккараздаса щибниги батIалъи букIунаро. Щайгурелъул гьединги гьадинги лъимер ккеялъе гIахьаллъула эбел-инсул яги донорразул клеткаби. ЦохIо батIалъи буго лъимер эбелалъул ургьиб ккoлеб гьечIолъи. ЭКОялъ кинабгIаги рахъалъ лъимадул сахлъи хвезабуларо. Гьедин гьабулеб лъимералъги ургьиб бала ичIго моцI, гьеб заманаялда, баянаб букIахъе, бокьараб эбелалъе щвараб инфекциялъул асар ургьиб бугеб лъимадуеги букIине бегьула.

**- ЭКО чIобого гIицIго ригьнада ругезейищ букIунеб?**

- Гуро, ригьнада рукIиналда бараб жо гьениб гьечIо, кIиязулго разилъигун лъимер гьабулеб бугони гьелъие харжал ОМСалъул хIисабалдаса гьабула.

**- Жалго, лъимер гьабизе бокьарал руччабазе кумек щвезе рес бугищ?**

- Буго, жалго руччабазги, гьабизе бегьула батIаго сахлъиялъул халги гьабун, вищизе бегьула нижехъ жидер хьон бугев донорги.

***Наталья Черкашиналъухъа нахъе дун ана гьединал лъикIал специалистал Дагъистаналда рукIиналдаса кIудияб чIухIигун. Гьелъул щибаб рагIулъ бихьулеб букIана щулияб лъайги, лъикIаб хIалбихьиги, ишалдехун рокьиги. Гьединго дида лъана лъикIай гIаданги, мисалияй эбелги, кидаго гIадамазе кумекалъе ятулей гьел талихIаллъун гьаризе хIадурай хIаракатчIужуги.***

**Эльмира ИБРАГЬИМОВА**





# ГІУМРУ - РОКЬУЛ ГИМН

55 сон цадахъ балеб буго гьел талихІал рос-лъадуца. Гьез киданиги абун гьечІо цоцазда рокьул ва жидерго гьуинаб гьоркьоблъиялъул хІакъалъулъ рагІаби. Гьеб магІарулазе хасиятаб жо гурелъулха. Гьезул гьуинаб гьоркьоблъиялъе нугІлъун букІана цоцаздехун бугеб хинаб бербалагьи, цоцахъ гІенеккизе бажари ва, хъизаналъул бетІер хІисабалда, лъадуца росасул гьабулеб адаб-хІурмат, тахида гІодов чІолелъул гьесда гъоркь тамахаб къандалъо лъеялде гІунтІунги. Унго-унгояб рокьи гьединал гІиси-бикъинал жалазулълъидалха бахчун букІунеб. Гьеб бихьизабизе гІоло гІемераб хІаракат бахъизе кколаро. АсхІабгІалил кІудияб гьечІеб, амма квегІенлъи гІураб, рокъоб кидаго камичІо лъималазул гьаракь. Цин гьел рукІана жидерго лъимал, хадур рукІана лъималазул лъимал, гьанже гІолел руго гьезулалги.

Гьел руго аскІор гІодор чІун, гІагарал ва божарал. АсхІабгІали Манапов ва Садигьат Мухтарова гьаруна Гумбет районалъул ЧІикь росулъ, рекьарухъабазул кІудиябго хъизаналда.

Мискинабго бетІербахъиялъе гІемераб гІетІ тІуна гьезул эбел – инсуца. Бихьана гьезда Гражданазулаб рагъги, араб гІасруялъул 30 соназда букІараб ракъиги, КІудияб ВатІанияб рагъги ва гьеб киналъгоги чІвачІо ва согІлъизаричІо гьезул ракІал. ХутІана лъикІал гІадамаллъун. Киназулго гуро рес букІунеб лъималазе гІемераб ирс тезе, кигІанго бокьаниги. Гьезиеги бокьун букІана жидер лъимал талихІаллъун гьаризе, гьезие лъикІаб гІумру гІуцІизе, гІадамаз хІурмат гьабулелллъун гьел рахъинаризе, захІматалъул къимат лъалел, гІадамазул хІурмат цІунулеллъун рукІине, лъикІал рос-лъадилъун, божарал мадугьалзабилъун, божарал гьалмагъзабилъун рихьизе.

1964 соналъ данделъана АсхІабгІалиги Садигьатги. Байбихьуда кутакалда захІматаб букІана хъизаналъул гІумру, букІинчІо жанир чІезе рукъгицин, амма гьезда лъалаан лъидаго божизе бакІ гьечІеблъи ва кинабго жидецаго гІуцІизе кколеблъиги. ЗахІматалде ругьунал рос – лъадухъа гьеб бажаризеги бажарана.

ГІисинал лъималгун гІемерал соназ гьез гІумру гъутаналда гьабуна. Лъимал гІедал ва гьезул кумек щведал хъизаналъул хІалги рукІалиде бачІана. Гьединго хъизаналда раккана жидерго цо-цо гІадатал ва гьез гьел гьанжеги цІунунги руго.

1979 соналъ гьел гочана, доб заманаялда Гумбет районалдаса гІадамалги гочун жиб гІуцІулеб букІараб, ЦІияб Лак районалъул ЦІияб Чуртахъ росулъе. Гьениб гьезги базе кколаан мина ва хьихьизе кколаан жидее ругьунаб хІалалда гІи-боцІи ва гьелде тІадеги ругьунлъизе ккана ах – хуралъул хІалтІудеги. Исана 40 сон сверула гьез гьениб минаялъе кьучІ тІамуралдаса.

Добго соналъул марталда гьел хІалтІизе лъугьана Ждановасул цІаралда букІараб колхозалде, АсхІабгІали трактористлъун, Садигьат цІолбохъанлъун. Бигьаго ругьунлъана захІматалдаса хІинкъуларей магІарулай гьеб ишалдеги ва гьелда тІад къана звеноводлъи, бригадирлъи.

Армиялда щвараб лъадариги хІалбихьиги кумекалъе батана АсхІабгІалиеги ва гьевги хехго гъорлъе ккана цІияб бакІалда гьабулеб хІалтІуде. Гьел божулаан киналго захІмалъаби къезаризе жидехъа бажаризе букІиналда ва хъизаналъул гІумру лъикІаб даражалде бахинабизе кІвеялда: «ХІалтІулаан щапакъатазул ургъел гьечІого, гІадамазе кумек гьабулаан баркала тІалаб гьабичІого». Гьезул хъизаналъе щвана гІемерал щапакъатал: грамотаби ва совхозалъул, районалъул, республикаялъул нухмалъулезул баркалаби.

Амма 1982 соналъ гьезул хъизаналде бачІана къварилъи, хІалтІуда сакъатлъун рокъов чІезе ккана АсхІабгІали.

АсхІабгІалил ва Садигьатил буго ункъо лъимер. Гьезие киназего щвана лъай ва гІумруялде рахъана. Эбел-инсуца гьел ругьун гьаруна бацІцІадаб захІматалде, гІадамазе лъикІлъиялъе ва кумекалъе ратизе. Цо гІакъилас абухъе: «Бечедавлъун, кинабго бажарулев гурев, ракІ гІатІидав вукІуна».

- Сундулъ бугеб нужер лъималазул лъикІаб тарбиялъул балъголъи? – ян гьикъана дица эбел-инсуда, - киналго лъимал гьезул руго гІадлуял, гІадамазе пайдаял.

- Нижеца гьел гІезаруна рекІелъ божигун ва, рецц Аллагьасе, нижехъа гьеб лъугьана, - ян абуна гьезги.

Чанго рагІудалъун гьабуна жаваб! Ругьунал гьечІо гьел гІададасеб хабар бицине.

***КІудияб ва щулияб гьеб хъизаналъул тІолабго гІумру буго унго-унгояб рокьул Гимнлъун. Гьеб буго унго-унгояб илагьияб рокьи. Гьениб аслияб бакІ ккола, захІматалъул пинкьаз кверал цІурал, цІодорал эбел-инсуца.***

**Умагьани ЯХІЯЕВА**

# Дагъистаниязул хъизан гьабиялъул гIадатал



*Исана 105 сон тIубала машгьурай гIалимчIужу, Дагъистаналъул этнографиялъулаб гIелмуялъе кьучI лъурай, профессор, Халкъияб лъай кьеялъул отличник, РФялъул ва РДялъул мустахIикъай гIелмияй хIалтIухъан Сакинат ШихахIмадовна ХIажиева гьаюралдаса.*

*Сакинат ШихахIмадовнаялъ нахъа тана кIудияб гIелмияб ирс, гьелъие тIубараб къимат нилъеца жеги кьезе буго. Гьей ккола 120 кьучIаб гIелмияб хIалтIул автор. Гьелъул «ЛъарагIал», «Даргиназул материалияб культура», «Дагъистаналъул теркеменцал», «Дагъистаналъул азербайджанал», «Нугъаязул хъизан гьабиялъул ва хъизаналъул тарихалъулал очеркал», «Дагъистаниязул ретIел» абурал ва цогидалги монографиязул автор хIисабалда, гьеб ккола гьелъ дагъистаналъул тарихияб гIелмуялда тараб кIудияб лъалкI. Киналго гьел хIалтIабазул кьучIаб мурадлъун ва пикрулъун ккола: цебесеб кIочене тунгутIи – гьеб рикIкIуна нилъедаго ва хадусел гIелазда цебе чIараб рухIияб налъи.*

*КIудияб гIелмияб – цIех-рехалъул хIалтIиялдаго цадахъ Сакинат ШихахIмадовнаялъ тIуразарулаан гIемерал жамгIиял ишалги. ЧанцIулго йищун йикIана гьей халкъиял депутатазул батIи-батIиял Советазде, йикIана Дагъистаналъул «Знание» обществоялъул Президиумалъул ва Азиялъулгун Африкаялъул пачалихъазулгун цадахъ рекъон хIалтIиялъул советияб комитеталъул ва цогидалги гIуцIабазул членлъун.*

*Киналго гьелда цадахъ хIалтIаразда, мадугьалихъ рукIаразда, гьадинго гара-чIваризе щваразда бихьулаан гьелъул гьваридаб лъайги, тIадегIанаб культураги, гIаданлъиги, гIадамаздехун букIунеб кIварги, пагьму-лъайги, захIматалде рокьиги.*

*Сакинат ХIажиевалъул ахирисел хIалтIабазда гьоркьоб гIатIидаб машгьурлъи щвана «19 абилеб ва 20 абилеб гIасруялъул байбихьуда Дагъистаналъул халкъазул хъизанги рукIа-рахъинги» абураб тIехьалъе. ГIемерал цIех-рехазул хIасилалда данде гьабураб материалалъул кьучIалда хъвараблъун ккола гьеб тIехь. Гьенир руго литературиялги, этнографиялги хIужаби, гIалимчIужуялъ цIалдолезулгун лъай-хъвай гьабулеб буго нилъер цересел бертабазул гIадатазулгун, руччабазул букIараб гIумруялъулгун, ригьин гьабиялъул къагIидабазулгун, гьезул букIараб хаслъабазулгун, хъизаназул этикияб гьокьоблъабазулгун.*

*Гьоркьехун нижеца кьолеб буго гьеб тIехьалдаса босараб гьитIинаб бутIа, гьениб бицунеб буго дагъистаниязул лъимал гьариялда хурхарал гIадатазул.*

Дагъистаниязул хъизаналда бищунго кIудияб ва рохараб ишлъун кидаго букIана лъимер гьаби. Лъимал гIемерал гьари рикIкIунаан хъизаналъул битIккейлъунги. Хасго рохун къабул гьабулаан вас гьави. ГIолилас жидее гьабураб кумекалъухъ баркала загьир гьабулаго чIахIияз абулаан: «Дуе лъадуца багьадурав вас гьавеги» - ян, гIолохъанай гIаданалда абулаан: «Вас къун йохизаеги мун!» - илан

ГIемер гьарулеб ва такрар гьабулеб жо букIана анкьго васги цо ясги гьари.

Жеги лъимер гьабилалдего (лъарагIазул якьадалъ) яги эбелалъ (даргиязул, аваразул, тумазул, лезгиязул) лъимадуе хIадурулаан кIиго гьат ратIлилги, киниги, одеялоги, чIортокъоно ва цогидабги.

Лъимал гIемериселъ гьарулаан рокъор, гьебги росасул рокъоб. Амма цо-цо бакIазда, мисалалъе, тумаз, гIандисез, гIарчисез ва цогидазги цIунун букIана лъимал, хасго тIоцебесеб лъимер жидерго эбелалъул рокъоб гьабулеб гIадат. Гьение лъимаде йигей чIужугIадан ячIунаан моцIалъ цеего. Лъимер гьабун хадусаги 40 къо гьез балаан жидерго эбелалда аскIоб. Гьеб заманаялда жанив рос гьениве ваккизе цо-цо вачIунаан ва сордо бан вукIинеги бегьулаан. 40 къоги бан росасул гIагарлъи бачIунаан квана – гьекъезе жоги босун, гIолохъанай нусги лъимерги нахъе бачине.

Лъимер гьабулаан гьелъул хIал лъалей гIаданалъул кумекалдалъун ва гьелда абулеб цIарги батIияб букIана: лъарагIаз «аначи», тумаз «лагьшар», «сагърату», арчисез «гьожар», авараз «чIарахъан», даргияз «голангу пахан хьунул», лезгияз «гьилиган». Щибаб росулъ лъабго –ункъо чIужугIадан гьеб хIалтIи гьабизе лъалел рукIунаан. Гьел кумекалъе ахIулаан лъимер гьабизе унти чIварабго ва захIматалъухъ гьезие кьезе бихьизабураб хIакъги букIунаан (гIемериселъ тIощел). Лъимер гьабизе кумекалъе ахIарай гIадан рикIкIунаан цIигьаруразул кIиабилей эбеллъун ва гьей гьеб хъизаналъ хIурмат гьабулейлъунги хутIулаан.

ГIадат букIана лъимер гьабулеб рукъ балъго гьабулеб ва цIунулебги, гьенире хъубал жал рачIинчIого ва бер ккечIого букIиналъе гIоло. Гьединал жалаздаса цIуниялъе гьарулел сабабалги рукIунаан, мисалалъе, лъимер гьабулеб рокъоб букIине кколаан кинаб букIаниги маххул тIагIел. Гьедин ЧIохъ росулъ гьабураб лъимералда аскIоб лъолаан гьадаро, лъарагIаз нуцIил кIалтIа лъолаан гIащтIи яги пурцил махх. Гьединго дибирас яги къадияс хъвалаан сабабги. Гьеб сабаб лъеца хулулаан, гьелдаса хIарпал чурулаан ва лъим лъимер гьабуралъе кьолаан гьекъезе …

Лъимер гьабун хадуб байбихьулаан ихтилат-кеп, квана-гьекъей. Рохел тIоцебе бицунаан гIагардехун кIалтIа ругезда. Гьез гIолохъаби рогьелгун ритIулаан рохел цогидазда бицине. Рохел босун рачIаразе сайгъаталги щолаан. МагIарухъ – Къарахъ (Гьочоб, Кьорощ). ГIандалалъ (Кудали, Сугърал ва цогидалги росабалъ) вас гьавуни, цин лъимадул инсул тIохдеги рахун кьвагьдолаан ва хадур унаан лъимер гьабураб тIохдаса кьвагьдезе.

Лъимер гьабуралъе киса-кибго кьолаан квине гьоцIоги жубан карщ. Гьелдаги цIар киназулго букIана батIияб: лъарагIазул «тахана», даргиязул «дахни», тумазул «ккурч», авразул «куракадул карщ», лезгиязул «хе – шил». Лъимер гьабуралъул якьадалъ кIудияб хьагиниб гьабулаан ханждал бахъухъ ва гьеб кьолаан лъимер гьаби баркизе рачIарал гьалбадерие. Гьалбадерица жидецагоги бачIунаан гьенибе квана-гьекъезе жо. Бихьинал гьеб рокъоре заманаялъ къалароан. ХIатта росгицин кIиго-лъабго анкьалъ ваккулароан рокъове, гьев гьалмагъзабазухъ вукIунаан. Цо- цо бакIазда лъимер гьабурав инсул ботIродаса тIагъур бахъулаан ва хадуб гьес гьеб гIарацги кьун нахъе босизе кколаан.

# Женщина Дагестана

**На аварском языке**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД.

**Главный редактор**
Н. М. КЕРИМОВА
e-mail: J-dag@mail.ru

**Редакционная коллегия:**
**заместитель главного редактора**
А. Ю. АБДУРАХМАНОВА,
e-mail: delia25@mail.ru
**ответственный секретарь**
С. Х. БУЛГАЕВА
**редактор русского выпуска**
Г. Х. АСАДУЛАЕВА
**редактор аварского выпуска**
Б. Ш. МУХИДИНОВА
bahu4y@mail.ru
**редактор даргинского выпуска**
П. Г. ВАГИДОВА
**редактор кумыкского выпуска**
П. Х. ХАЙБУЛЛАЕВА
**редактор лезгинского выпуска**
Н. Н. ИБРАГИМОВА
e-mail: shikhnabieva1981@mail.ru
**редактор лакского выпуска**
З. Т. АБДУРАХМАНОВА
**редактор табасаранского выпуска**
С. М. ИСРАФИЛОВА
**Корреспонденты:**
Э. ИБРАГИМОВА,
А. ТАЖУДИНОВА,
В. РАТЕНКОВА.
**Заведующий редакцией**
С. М. ГАМЗАТОВА
**Художественный редактор**
Г. А. КУРБАН-АДАМОВА,
e-mail: guleymat@mail.ru
**Адрес редакции и издателя:**
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
e-mail: j-dag@mail.ru

**Журнал отпечатан в типографии:**
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».

**Телефоны редакции:**
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

**Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф**

Сдано в набор 27.08.2019.
Подписано в печать 10.09.2019.
Формат бумаги 60 х 84 1/8.
Объем: 5,5 печ. л.
Заказ № 0808. Тираж (3300)578 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
**На обложке:**
I – Лейла Султанова – руководитель пресс-службы ПАО «Ростелеком».


ГIага-шагарго анкьидаса лъимер кинида жаниб лъолаан ва гьелда цIарги ахIулаан. Гьелда цебе хъизаналъ гьоркьоб лъолеб букIана лъимералда лъолеб цIар. ГIемериселъ кьолаан хварал гIагарал чагIазул цIараздаса (кIудада, кIодоэбел ва цогидалги). ЦIар балагьулаан бусурбабазул бугеб ва цо-цо милаталъе ругьунабги лъолеб букIана цIар. Кинида лъимер лъеялъулъги букIунаан жиде-жидер къагIида, гIадат ва гьелдаго цадахъ гьабулаан гьара-рахьиги. Кинида жаниб (табасараназ гьелда «кьеб» абула, тумаз «кIану», магIарулаз «кини», лъарагIаз «бешик») тIоцебесеб нухалда хинкIал, батIи-батIиял пирогал, ва гьединго – чIагIа. Цо-цояз тIубараб росуго ахIулаан квана-гьекъезе ва бертинго гIадин тIобитIулаан гьеб рохел.

Кинида жаниб лъимер гIезабиялъул заманги, гьелъие керен кьейго гIадин, батIи-батIияб гIиллабазда бараблъун букIана. ГIемериселъ гьедин балаан кIиго сон, амма чанги кколаан лъабго-ункъо сон баралги лъимал кинида лъейги керен кьун хахизариги. АскIор чIахIиял ругеб бакIалда лъимадуе керен хахизе тей рекъечIеблъун рикIкIунеб букIана.

ТIоцебесеб ца лъимадул баккидал, Дагъистаналда киналго халкъазул



лъимер лъолеб букIана чIарахъаналъ, яги лъимал гIемер гIезарурай херай гIаданалъ, ялъуни якьадалъ. Гьениб лъелалде лъимер чвердезабулеб букIана. Черхалдаги бетIералдаги бахунеб букIана нах ва тIад ретIунеб букIана берцинаб квегIенаб ретIел. Гьединги кинида жаниб яги хьолбохъ лъолаан ханжу жаниб бугеб гъадаро, гьелъул магIнаги букIана гьеб ханжу гIадин бетIер хъахIлъизегIанаб гIумру лъимадуе гьари. МагIарулаз кинида жаниб цин лъолаан кето, гьеб кето гIадин, рахIаталда лъимерги гьениб кьижизе букIинелъун. Нугъаяз гьебго мурадалда кето лъолеб букIана кинида жаниб бущараб лъимадул каранда тIад. Даргиназ, лъимадуе макьу гьуинлъизеян бусада гъоркь лъолеб букIана гIинтIи. Гьединалго, божиязда хурхарал гIадатал рукIана цогидал халкъазулги. Кинида жаниб лъимер лъураб къоялъ гьабулаан садакъа ва руччабазе квана- гьекъей.

ТIоцебесеб лъимер гьабураб мехалда кIудияб аваданлъи гIуцIулеб букIана. Гьелъие гьарулел квенал рукIана гьанал чурпа, пулав, гьанги белъун гIадат букIана мугь балеб ва бикьулеб, гIодоблъиялъул районазда гьелда гьорлъе цIулакьоги жубалаан. РикIкIунаан гьелъул кумек кколин лъимадул цаби-гIусал бигьаго ва хехго рижизеян. Чед яги гьуинлъи бикьулеб букIана лъимер хIатIазда эхетидал ва тIоцересел галаби рахъидал.

Кинида лъимер лъолелъул руччабаз гьелъие кинидахъ кечI ахIулеб букIана. ГIадат хIисабалда гьей йикIунаан лъимадул инсул эбел (васасул рокъоб гIумру гьабулел ругони) яги жийго эбел (гьелдаса чIахIиял аскIор гьечIони). Щияй эбелалъ яги кIодоэбелалъ гьенир гIицIго гIадатиял кIучIдул ахIун толароан, гьел рукIунаан жидецаго ургъулелги. Гьел кучIдузулъ гьез загьир гьабулеб букIана жидерго лъимер лъикIабги, цIакъабги, цIодорабги гIеялде гьабулеб анищги, рохелги, божиги.

Гьел кинидахъ кучIдул жакъаги ахIула киналго мацIазда…

**ХIадур гьабуна**
**Алав ГIАЛИЕВАС**



Пазил Алилов. Мадонна

# КОЛЫБЕЛЬНАЯ

*Из дагестанской народной поэзии*

Ох, мамина травинка,
Любовь моя и боль.
Ты вишня из Голотля,
Тиндинская фасоль.
Зима наступит скоро,
Потом растает лед,
Потом соседский мальчик
К тебе играть придет.
Блестит твой первый зубик,
Глаза твои блестят.
Спи, мамина травинка,
Все дети крепко спят.

Перевел Н. Гребнев

ИНДЕКС 73901

6+

Ростелеком